**O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRİLİGİ**

**AJİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

***Tariyx kafedrası***

Akimniyazova G. A.

# ULLI JİPEK JOLININ` ARAL BOYI URBANİZATsİYaSINA TA`SİRİ

***(Oqıw-metodikalıq qollanba)***

**NO`KİS - 2015**

*Du`ziwshi:* Akimniyazova G. A.

Oqıw – metodikalıq qollanbada Qubla Aral boyı, Xorezm oazisinde jaylasqan elatlardın` qa`dimgi qalalardın` o`nermentshilik, sawda ma`deniyatı so`z etiledi. Avtor, jazba derekler, arxeologiyalıq tabılmalar, tariyxtanıw a`debiyatlarında toplang`an bay materialdı u`yrenip Aral boyı aymaqlarında ertedegi qala urbanizatsiya ha`m tsivilizatsiyanın` rawajlanıwında Ullı Jipek jolının` a`hmiyetin ko`rsetedi. Qa`dimgi ha`m orta a`sirdegi ma`deniyat tariyxında jergilikli qurılıs, ko`rkem-o`ner do`retpeleri ha`m intelektuallıq jetiskenliklerdin` qon`sı ellerge ta`sirin analizlep tariyxıy juwmaqlar jasaydı.

Bul oqıw – metodikalıq qollanba «tariyx», «muzeytanıw» qa`nigelikleri boyınsha bilim alıwshı magistrantlarg'a, bakalavr bag`darı talabalarına oqıtılatug`ın «O`zbekistan tariyxı», «Qaraqalpaqstan tariyxı", "Xorezm tariyxı", "Tsivilizatsiya tariyxı» pa`nleri ushın qosımsha arnawlı ilimiy a`debiyat sıpatında usınıladı.

***JUWAPLI REDAKTOR*:**

| | |
|---|---|
| M. M. Mambetullaev | - A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı professorı, tariyx ilimleri doktorı |

***PİKİR BİLDİRİWShİLER*:**

| | |
|---|---|
| G`. X. Xojaniyazov | O`z RİA QQ bo'limi Qaraqalpaqstan Respublikası Gumanitar ilim izertlew institutı, arxeologiya bo`limi baslıg`ı, tariyx ilimleri kandidatı |
| M.-Sh. Qdırniyazov | Berdaq atındag`ı Qaraqalpaq Ma`mleketlik Universiteti, tariyx ha`m arxeologiya kafedrası professorı, tariyx ilimleri doktorı |

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutının` oqıw-metodikalıq Ken`esinin` 2015–jıl 10-aprel` ku`ngi ma`jilisi qararı menen baspag`a usınıs etilgen (№6 sanlı bayanlama).

## Kirisiw

O`zbekistan Respublikası aymaqları qa`dimgi urbanizatsiya ha`m tsivilizatsiya oshaqlarınan esaplanadı. Elimizdin` qa`dimnen qa`liplesken qalaları Samarkand, Shaxrisabz, Tashkent, Buxara, Qarshı, Xiywa ha`m tag`ı basqada sha`ha`rler mın`lag`an jıllıq tariyxqa iye. Bul qalalardın` rawajlanıwına Ullı Jipek jolının` ta`siri ku`shli bolg`an. Jipek jolı insaniyat tariyxında xalıqlardın` ma`deniyat tarawında birge islesiwine, ma`nawiyat ha`m insanparwarlıq tu`siniklerinin` rawajlanıwına ta`sir jasag`an.

Ullı Jipek jolı Oraylıq Aziya xalıqları, a`sirese bizin` elimiz tariyxında u`lken a`hmiyetke iye bolg`an. Sonın` ushında O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov: «Bizin` elimiz, iri da`r`yalar A`miwda`r`ya ha`m Sırda`r`ya aralıg`ında jaylasıp, Movarounnaxr yamasa Tu`rkistan atı menen belgili, a`sirler dawamında, du`n`ya tsivilizatsiyasının` oshaqlarının` biri bolıp, Ullı Jipek jolındag`ı baylanıstırıwshı orın, Batıs ha`m Shıg`ıstın` tutasqan, aktiv sawda-ekonomikalıq, ruwxiy birge islesiw ma`skanı» (Karimov İ.A.1998), - dep joqarı bahalaydı. Shınında da O`zbekistandag`ı ma`mleketshilik ha`m urbanizatsiya (sha`ha`rsazlıq) tariyxı teren` tamırlarg`a iye. Orta Aziyada basım ko`pshilikti qurag`an elimiz xalıqları tariyxı otırıqshı elatlar tsivilizatsiya oshaqlarınan bolıp, Shıg`ıs xalıqları, ha`tteki qa`dimgi du`n`yada, orta a`sirlerdegi Evropa, arab elleri arasındag`ı ma`deniyat, siyasat dialoglarında a`hmiyetli orıng`a iye bolg`an. Bul urbanizatsiya, ma`deniyat oshaqları bolg`an qalalar tariyxın u`yreniwde anıq bilinedi. Oraylıq Aziyadag`ı qa`dimgi qalalar qatarında jurtımız tsivilizatsiya oshaqları bolg`an qalalar tariyxı Jipek jolı ta`sirinde Shıg`ıstın` ko`plegen elleri menen baygilesetug`ın da`rejege jetti.

Sonın` ushın da bizin` Watanımız Prezidenti İ.A.Karimov: «O`zbek ma`mleketshiliginin` tariyxı - Egipet, Qıtay, Hindistan, Gretsiya, İran siyaqlı qa`dimgi ma`mleketler tariyxı menen bir qatarda turadı» - dep tastıyqlaydı.

Shınında da O`zbekistan aymag`ı adamzattın` qa`liplesken ertedegi oshaqlarının` biri bolıp tsivilizatsiya ha`m qala ma`deniyatının` ayrıqsha oraylarınan esaplanadı. Qala turmısının` ayqın ko`terilgen da`wirlerinin` biri orta a`sirler, bul traditsiyalıq urbanizatsiyanın` rawajlanıwı menen baylanıslı. Urbanizatsiya tariyxıy protsess bolıp ja`miyettin` rawajlanıwında qalanın` rolinin` ku`sheyiwi, sotsiallıq professionallıq, xalıqtın` demografiyalıq jag`dayı, turmıs saltın, ma`deniyatın, o`ndiris ku`shlerinin` jaylasıwın, oraylasıwı ha`m t.b. qamtıydı. Orta a`sir qalaları a`hmiyetli sawda ha`m o`nermentshilik o`ndirisi orayları boldı. Olar ha`r tu`rli ta`biyg`ıy ekonomikalıq areallar, bir-birine tutasqan sawda jolları boyında, o`nimdarlı

eginshilik oazislerine kirer yaki shıg`ar awızda, taw aldı jerlerinde jaylasıp, bul olardın` geostrategiyalıq, ekonomikalıq artıqmashlıg`ın, jag`dayın ta`miyinledi. Urbanizatsiya protsessi-tariyx ilimindegi u`lken fundamental problema bolıp onı izertlew ushın ko`plegen ma`selelerdi u`yreniw kerek. Olardın` qatarında u`lkenin` ta`biyg`ıy, geografiyalıq jaylasıwı belgili aymaqtag`ı elatlar, adamlardın` jaylasıwı, olardın` dinamikalıq rawajlanıwı, qala organizminin` o`siwi, onın` tariyxıy basqıshlarda gu`zetiliwi, o`miri ulıwma ko`plegen ma`deniy-tariyxıy jag`daylar, o`nidiris ku`shleri, ekonomika, sawda qatnasları t.b. u`yrenedi.

Orta Aziya aymaqlarında orta a`sirlerde tsivilizatsiyalıq qubılıslar rawajlandı. Qalalar feodallıq ja`miyettin` siyasiy, ma`deniy, ekonomikalıq orayları boldı. Qalalar o`zbek ma`mleketshiliginin` qa`liplesiwinde a`hmiyetli orın tutadı. Qala ha`m ma`mleket tu`sinigi bir-biri menen tıg`ız baylanıslı. O`zbekistandag`ı qala medeniyatı ha`m ma`mleketshilik tariyxı teren` tamırlarg`a iye. Orta Aziya qalaları Ullı Jipek jolı menen tutasıp, o`z jetiskenlikleri arqalı Shıg`ıstın` ko`plegen elleri menen ba`ygiles da`rejege jetti. Haqıyqattanda da ertedegi o`zbek ma`mleketshiligine negiz salıng`anlıg`ına 2700-3000 jıl bolg`anlıg`ın tariyxıy derekler da`lilleydi. Orta Aziyadag`ı qa`dimgi Sug`da, Baktriya, Xorezmde qa`liplesken qalalar jası da sol da`wirler menen tutasadı. Tashkent 2200, Xiywa, Buxara, Termez 2500, al Shaxrisabz 2700, Samarqand 2750 jıldan artıq tariyxqa iye.

Ullı Jipek jolı tariyxı probleması XX-a`sir aqırı XXI- a`sir basında ma`deniy dialoglar jolı retinde ha`zirgi du`n`yada jan`adan qızıg`ıwshılıq payda etpekte. Na`tiyjede xalıq aralıq ko`lemde «Jipek jolı - dialoglar jolı» da`sturi XX-a`sirdin` 90-jılları kabıl etildi. Atap aytqanda, 1987-jıl YuNESKOnın` Bas konferentsiyasının` xalıq aralıq proekt-jobasında Jipek jolı tariyxın izertlew boyınsha jumıslardı sho`lkemlestiriw ma`seleleri qaraldı.

Xalıq aralıq ekspeditsiyalar qa`dimgi sawda jolların kaytadan basıp o`tti. Jan`adan ilimiy izertlew jobaları islep shıg`ıldı. Jipek jolının` XXI-a`sirdegi ta`sirin biz ayrım xalıq aralıq ekonomikalıq, ma`deniy jobalardın` du`ziliwi, sho`lkemlerdin` payda bolıwlarında anıq ko`remiz. Solardın` qatarında TRASEKA (Evropa-Kavkaz-Aziya transport koridorı) 1998-j. sentyabr`de Baku konferentsiyasında du`zildi. Og`an O`zbekistan menen birge Azerbayjan, Armeniya, Bolgariya, Qazaxstan, Gruziya ja`mi 13 ma`mleket qosılıp bas maqseti geopolitikalıq siyasattı Batıs qollawı menen iske asırıw edi. Bul transport koridorı Jipek jolı strategiyası ha`zirgi zamandag`ı ko`rinislerinin` biri boldı. O`zbekistan «Ullı Jipek jolı boyı turizm» proektinin` (1994-j.) du`zilgen jeri 1995-jıl 31-mayda Prezidentimiz İ.A.Karimov «O`zbekistan Respublikasında Ullı Jipek jolın qayta tiklew ha`m xalıq aralıq turizmdi

rawajlandırıwdı jedellestiriw ila`jları haqqında» pa`rmang`a qol qoydı (İ.A.Karimov, 1995). Bulardan basqa respublikamızdın` turistlik oraylarında (Samarqand, oktyabr` 1990-j.), Buxara (1996-j. 21-22 fevral`), Tashkent (1998-j. noyabr`), Urgench (1991-j.) xalıq aralıq, respublikalıq ko`lemde Jipek jolı mu`mkinshiliklerin XXI-a`sir Batıs-Shıg`ıs arasındag`ı ma`deniy birge islesiw, adamzat ja`miyeti progressin rawajlandırıwg`a, paraxatshılıqtı saqlawg`a bag`darlaw ma`seleleri ku`n ta`rtibine qoyılıp unamlı sheshildi.

Jipek jolı tariyxı ta`jriybelerin, onın` ha`zirgi zamandag`ı mu`mkinshiliklerinen paydalanıw boyınsha ma`selelerdi ko`plegen ellerde, xalıq aralıq masshtabta arnawlı Oraylar izertleydi. Olardın` qatarında Ten`iz jipek jolın izertlew Orayı (Fuchjou, Kıtay), Budda ilimiy Orayı (Kolombo, Shri Lanka), Naradag`ı Jipek jolın izertlew İnstitutı (Yaponiya), Xalıqaralıq Oraylıq Aziya izertlew institutı (MİTsAİ-Samarkand) ha`m tag`ı basqalardı atap o`tiw kerek.

O`zbekistan Respublikasında ha`m Jipek jolının` ha`zirgi zamandag`ı mu`mkinshiliklerin u`yreniw boyınsha jumıslar baslandı. Usıg`an baylanıslı Xalıq aralıq sho`lkemler menen birlikte ha`r tu`rli jobalar iske asırılg`an. Usınday proektlerdin` biri 1991-jıl 2-3 mayda Urgench qalasında YuNESKOnın` Xalıq aralıq seminarı bolıp o`tti. Bul jobalar ta`sirinde Jipek jolı tariyxın izertlew baslandı.

Qa`dimgi zamanlardan Batıs ha`m Shıg`ıstı baylanıstırg`an, ma`deniy qatnaslardı qa`liplestirgen, tsivilizatsiyanı rawajlan-dırıwg`a ta`sir jasag`an bul - Ullı Jipek jolı bolg`an. Eramızdan burıng`ı VI-a`sirde Xorezmnen Axamaniyler İranına «axshayna» atı menen biryuza (firyuza) tasın alıp ketken. E.b. III-a`sirde Badaxshannan İran ha`m Egipetke lazurit qımbat bahalı tası aparılg`an. Jipek jolı arqalı Batıs-Shıg`ıs elleri arasındag`ı ma`deniy qatnaslar integratsiyalanıp bardı. Solay eken Jipek jolı Orta Aziya xalıqları, bizin` elimiz tsivilizatsiya tariyxında qa`dimgi da`wirlerden u`lken a`hmiyetke iye bolg`an. Solay eken bul tema, Maverannaxr, Xorezm tsivilizatsiyası tariyxı, ma`deniyatın izertlewshilerdin` dıqqatın o`zine tartıp kelgen. Jipek jolı Orta Aziyanın` eski qalaları Samarqand, Shaxrisabz, Buxara, Xiywa, Termiz, Qarshı, Margilan, Tashkent jerlerin erteden aq u`lken sawda jolları menen tutastırdı. Bunı biz 2200 jıllıq yubiley belgilengen Tashkent, 2500 jıllıq tariyxqa iye Buxara, Xiywa, Termiz, 3000 mın` jılg`a jaqın tariyxı bar Samarqand qalası mısalınan anıq bilemiz. Jipek jolının` tsivilizatsiyalar baylanısındag`ı ornı, ma`deniy baylanısları O`zbekistan paytaxtı Tashkent qalası tariyxınan anıq bilinedi. Chash, Madinat ash-Shash, Binket dep atalg`an, bul qala a`sirler dawamında Orta Aziya xalıqları tsivilizatsiyasının` o`siwine ta`sir jasap keldi. Biraq Jipek jolı tariyxının` Orta Aziya tariyxına baylanıslı tın` jatqan, elede

izertlenbegen problemalıq ma`seleleri bar. Atap aytqanda Jipek jolının` tariyxında ha`r bir Oraylıq Aziya Respublika walayatları, urbanizatsiya oraylarının`, jergilikli xalıqlardın` o`z ornı ha`m a`hmiyetine iye bolg`an tsivilizatsiyalıq jetiskenlikleri bolg`an.

Jipek jolı tariyxı boyınsha du`n`yada ko`plegen ilimiy izertlewler alıp barılg`an, ilimiy maqalalar, monografiyalıq kitaplar, ekspeditsiyalar sho`lkemlestirilgen. Biraq Aral boyı regionı xalıqları tsivilizatsiya tariyxında usı a`hmiyetli sawda jolının` ma`deniyat, kommunikatsiya (baylanıs), ma`mleketler aralıq dialoglar, ishki sawda tarmag`ının` qa`liplesiw tariyxı boyınsha arnawlı ulıwmalastırıp, ja`mlestirilip tayarlang`an ilimiy izertlew jumısları joq. Usı jag`daydı esapqa alıp biz bul oqıw-metodikalıq jumıstı «Ullı Jipek jolının` Aral boyı qala tsivilizatsiyasına ta`siri» dep atap, jazba derekler menen arxeologiyalıq izertlewlerde toplang`an materiallardı tariyxqa bag`darlap, talabalarg`a o`tmishke baylanıslı bilim tu`siniklerin o`zlestiriwge qosımsha material beremiz.

Ulıwma oqıw-metodikalıq jumısımızda Orta Aziyanın` qa`dimgi, orta a`sir qala urbanizatsiya tariyxında o`zinin` tsivilizatsiyalıq ko`rsetkishleri menen Ullı Jipek jolı tarmaqlarının` o`siwine ta`sir etken Aral boyı qalaları tariyxın izertleymiz. Usıg`an baylanıslı to`mendegidey ma`selelerge toqtaymız: Jipek jolının` qa`liplesiwi ha`m Aral boyı, a`yyemgi Xorezm tsivilizatsiya tariyxındag`ı ornı, a`hmiyeti haqqında izertlewler; Jipek jolı boyı qalalar, ma`mleketler arasındag`ı qatnastag`ı a`hmiyeti; Ullı Jipek jolının` sawda, o`nermentshilik, ilim-pa`n, ma`deniyat rawajlanıwdag`ı ornı; Xalıq aralıq dialoglarda (sawda, ma`deniy, diplomatiyalıq) integratsiyalıq jag`daylarg`a ta`siri; Jipek jolının` ha`zirgi zamandag`ı siyasiy, ma`deniy qatnaslar tariyxındag`ı ornın izertlew maqseti, wazıypaları qoyılg`an.

***Qollanbanın` ilimiy-metodikalıq negizi*** - O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın` Ullı Jipek jolı, watanımızdın` ko`p a`sirlik tsivilizatsiya tariyxına iye urbanizatsiya oshaqları bolg`an Samarkand, Shaxrisabz, Buxara, Xiywa qalaları yubileylerinde shıg`ıp so`ylewleri, «Tariyxıy yadnamasız keleshek joq», «Ruwxıylıq tiykarları», Jipek jolı boyınsha qabıl etilgen hu`kimet ha`m xalıq aralıq sho`lkemler qararları, simpoziumlar materialları esaplanadı.

***Oqıw-metodikalıq qollanbanın` ilimiy derekleri –*** bul arab-parsı jazba derekleri, Aral boyındag`ı ma`deniy miyras ob`ektlerdi arxeologiyalıq qazıp izertlew jumıslarında toplang`an tabılmalar, Jipek jolı tariyxı boyınsha arnawlı izertlewler juwmaqları esaplanadı. Aral boyındag`ı a`yyemgi Xorezm tsivilizatsiya qalaları a`sirler dawamında ma`deniyat, sawda, o`nermentshilik orayları bolıp keldi. Olardın` ko`pshiligi, atap aytqanda Qat (Beruniy), Go`ne-Urgenish, Xiywa, Xazarasp,

Mizdaxkan (Xojeli), Kerder Bograxan (Qon`ırat), Kuyik qala (Shımbay), ha`m tag`ı da basqaları Ullı Jipek jolı menen tutasqan ha`m shıg`ıs tsivilizatsiyası menen baylanısta bolg`an. Usı qalalarg`a arnalg`an tariyxıy derekler ha`m arxeologiyalıq izertlewler bizin` qollanbamızdın` ja`ne bir derekler bazasın quraydı.

# I-BAP

## ARAL BOYI QALALARININ` SAWDA BAYLANISI BOYINShA DEREKLER, İZERTLEWLER

***Jazba derekler.*** Qubla Aral boyı, Xorezm jerleri qa`dimgi tsivilizatsiya oshaqlarınan bolıp o`zinin` qolaylı geografiyalıq jaylasıwı, enonomikası, jer-suw baylıqları menen antik ha`m orta a`sirlerde Shıg`ıs ha`m Batıstı tutastırg`an sawda jolları menen baylanıstı. Bul sol aymaqlarda qa`dimnen qa`liplesken iri ma`mleketlerdin` du`ziliwi menen baylanıslı boldı. Ma`mleket jollardı qa`liplestirip, olarda diplomatlar, sawda ka`rwanları ha`reketinin` qa`wipsizligin ta`miynlep trassalar boylap kommunika-tsiya xızmetinde paydalang`an orınlardı qurdı. Axamaniyler, Qıtay, Gretsiya ha`m Rim imperiyasının` sırtqı siyasatı ertedegi ka`rwan jollarının` qa`liplesiwine ta`sir jasadı. Gerodot (e.b. V-a`.) mag`lıwmatında “Aziyanın` u`lken bo`legi Dari I (e.b. 521-489 jj.) zamanınan belgili. Patsha İnd da`r`yası qay jerge quyadı dep, ol ta`repke kemelerde isenimli adamların jiberdi”, – dep jazılg`an. Bul haqqında Axamaniyler (e.b. VI-IV-a`a`.), Qıtay ha`m Batıs jazba dereklerindegi basqa mag`lıwmatlardan ha`m ma`lim. Axamaniylerdin` Suza ha`m Persopol` jazıwlarında olarg`a g`a`rezli bolg`an ko`shpeli qa`wimler, elatlar menen birge ma`mlekettin` saltanatlı sarayların qurıwda paydalang`an arxitekturalıq bezew materialları eske tu`siriledi. Olardın` qatarında Badaxshan lazuriti, Xorezmnin` axshayna (feruza) tası bar (Vsemirnaya istoriya, 1956). Bul tasqa oyılg`an dereklerden basqa Evraziya ken`isligindegi sawda qatnasları jolındag`ı birinshi isenimli dereklerge grek, rim jazba mag`lıwmatları menen qatar arxeologiyalıq tabılmalar jatadı. Qa`dimnen “Gerodottın` sawda jolı” yaki “Strabon jolı” dep atalg`an tu`sinikler ilimiy a`debiyatlardan ma`lim (Chlenova, 1983). Bul jol Arqa Qara ten`iz boyı antik da`wir qalalarınan baslanıp, Azov ten`izin aylanıp o`tti, Don ha`m Ural da`r`yaları kesispesinen To`mengi Volga, Qubla Uralg`a qurg`aqtan sawdagerlerdi a`keldi. Na`tiyjede To`mengi Volga boyının` sawda qatnası Qara ten`iz (Pont Evksinskiy), Arqa Kavkaz, Orta Aziya ha`m İran menen eradan burıng`ı III-a`sir, eranın` I-a`sirinde tutastı. Biraq bul joldı sarmat qa`wimleri kontrollap turdı. Strabon “Geografiya” shıg`armasında (eranın` I-a`.): “aorslar (sarmat qa`wimlerinin` biri) Kaspiy ten`izin jag`alap o`tken joldı baqlap, tu`yelerde İndiya ha`m Vavilon tovarları menen sawda jasaydı” – dep mag`lıwmat beredi. Usı joldı xorezmlikler ha`m jaqsı bilgen, ba`lkim sırtqı du`n`ya menen qatnasta paydalang`an degen juwmaq shıg`adı. Arrian Flaviy (95-175 –jj.) mag`lıwmatında “xorezmli patsha Farasman Aleksandr Makedoniyalıqqa biz “kolx ha`m amazonqalar menen qon`sı jasaymız”

dep greklerdi “Pont Eksin ten`izine jol baslap alıp baratug`ının” bildirgen. Bul jag`day Qubla Aral boyı arxeologiyalıq esteliklerinde tabılg`an import tovarları menen de tastıyqlanadı. Olardın` qatarında ellinizm ta`sirindegi ellerde tayarlang`an del`fin su`wretli ju`zik, amfora uslag`an a`yel statuetkası, dionisi ko`rinisindegi statuetka-mu`sinsheler Qaraqalpaqstannın` antik da`wir esteliklerinen tabılg`an (Qoy qırılg`an qala). Solay etip Gerodot (b.e.b. V-a`), Strabon (e.b.II- e.I-a`.) mag`lıwmatları boyınsha Ullı Jipek jolının` arqa tarmag`ı qa`dimnen qa`liplesken ha`m bul jol Qubla Aral elatları menen baylanıstı. Biraq bul qurg`aqtag`ı sawda jolı ko`p sanlı ko`shpeli qa`wimler arasında tu`setug`ın payda ushın bolg`an o`z ara urıslar sebepli turaqsızlıqlarg`a alıp keldi. Usınday jag`dayda Rim imperiyası da`wirinde Orta Aziya jerleri, olar qatarında Qubla Aral boyı, Xorezm oazisi turg`ınları A`miwda`r`ya (Oks), Kaspiy ten`izi, Kavkaz artı arqalı rimlikler menen suw jolı menen de baylanısqan. Bul jol Oks suwının` gidrografiyalıq jag`dayı (molshılıg`ı, qa`ddi) menen baylanıslı boldı. Antik da`wirde Oks Sarıqamıs ko`li, Uzboy tarmag`ı arqalı Kaspiy ten`izine baylanısıp sawda iyeleri, diplomatlardın` Kavkaz arqalı Qara ten`izge, keyin Batısqa shıg`ıwına mu`mkinshilik berdi (Vainberg, 2005). Usı jol haqqında Varron (e.b. 127-116-jj.) mag`lıwmatlarına su`yenip Pliniy Ctarshiy (24-79-jj.) ha`m jazadı. Oks suw jolı Xorezmdi qa`dimgi Baktriya menen baylanıstırdı. Bul tirishilik arteriyası A`miwda`r`ya boyı regionları arasında eginshilik ha`m qala ma`deniyatlarının` rawajlanıwına da u`lken ta`sir jasadı. Baktriya ha`m Xorezmnin` qa`dimgi turg`ınları arasında Oksqa bag`ıshlang`an Vaxsh qudayına isenim ku`shli boldı. Og`an baylanıslı sıyınıw ornı Taxti-Sangin (Tajikstan), Elxaras, Qalalı-qır II bezew-tabılmaları ha`m Topıraq qala (Xorezm) jazıwlarında ushrasadı (Livshits, 2001).

Aral boyı jerlerinin` erteden qa`liplesken sawda jolları a`sirler dawamında a`xmiyetin jog`altqan joq. Qubla Aral a`tirapında jan`a etnik birikpeler, ma`mleketler payda boldı, olar ıdırap ornına jan`aları qa`liplesti. Biraq sawda jolının` a`hmiyeti jog`almadı. Aral boyı, Xorezmge shegaralas jaylasqan ken` dalada sarmatlar, alanlar, basqada iran, ugro-finn tilles ko`shpeliler jasadı. Dala qa`wimleri otırıqshı ma`deniyat elatlarına topılıp tursada, ko`binese o`z-ara paydalı kelisimler na`tiyjesinde otırıqshılar armiyalarında jallanbalı a`sker bolıp, ka`rwanlarg`a xızmet etti.

Bul jag`day ertedegi orta a`sirlerde ha`m baqlanadı. Aral-Kaspiy boylarında alanlar, xazarlar jaylastı. Eramızdın` I mın` jıllıq baslarınan olar arasında mal-mu`lk differentsiyası (ten`sizligi) baslandı, bul qubılıs ma`mleketshilik birikpelerinin` qa`lip-lesiwine alıp keldi. Olar o`z ara kelispewshilik jag`dayında jasasada, jergilikli

otırıqshı Aral boyı xalıqları menen baylanısta bolg`an. Olardın` ma`deniy baylanısları arxeologiyalıq tabılmalar ha`m jazba dereklerde sa`wlelengen. S.P.Tolstov pikirinshe “aq gunnlar” dep atalg`an “eftalitler birikpesinin` qa`liplesiw oshag`ı da`slep Xorezmnin` arqa-shıg`ıs jerleri bolg`an” (Tolstov, 1948 b). Bul jerde 1946-jıldan baslap Sırda`r`yanın` salaları: Jan`ada`r`ya, (Quanda`r`ya) Eski da`r`ya ha`m del`ta esteliklerinde batpaqlıqlar ma`deniyatı qa`liplesedi. Bul ma`deniyatqa tiyisli arxeologiyalıq estelikler Kesken, Kuyik qala, Eski Kuyik qala, Jankent ha`m basqa da estelikler izertlendi.

Keyin bul aymaqta Xorezm oazisi xalıqlarının` etnik tariyxına ta`sir jasag`an erte orta a`sirde Jetiasar, Kerder arxeologiyalıq ma`deniyatları qa`liplesti. Usı ma`deniyat esteliklerinin` ma`deniy qatlamınan: ten`ge, gu`lal ıdıslar, tag`ınshaqlar tabılıp, olar sawda baylanıslar haqqında mag`lıwmat beredi. Bul esteliklerden tabılg`an buyımlar, olardın` sak-massaget, sarmat-alan qa`wimleri menen tıg`ız baylanısta bolg`anın ha`m bizin` eramızdın` IV-V a`sirlerinde Shıg`ıstan migratsiyag`a ushırap kelgen tyurk-mongol qa`wimlerinin` (gunnlar) ku`shli ta`sirine ushırag`anlıg`ı bayqaladı.

Bul boljawımız “Arqa Sarayı tariyxı” dep atalg`an Qıtay deregindegi arqa-shıg`ıs Aral boyında jaylasqan “Yan`tsay”, “Sude” dep atalg`an toponim menen tastıyqlanadı. Qıtay jılnamaları ha`m tariyxıy shıg`armalarında Ullı Jipek jolı boyındag`ı Orta Aziyanın`, Xorezm elatları ha`m qalaları haqqında mag`lıwmatlar alıw mu`mkin. Olarda - Unaga (Buxara), Xe (Kushaniya), Davan` (Ferg`ana), Dax`ya (Baktriya), Gibin` (Qabul alabı), An`si (Parfiya), Yue-g`an` (Urgenish), Lan`shi (Baktriya) ha`m t.b. elatlar atamaları ushırasadı. Bul mag`lıwmatlardın` jıynalıwına a`lbette Ullı Jipek jolının` ta`siri bolg`an. Jipek jolının` da`slepki basqıshı Qıtaydan baslanıp Vaxsh alabı, Qarategin, Alay alabı, Kashgar arqalı batısqa – Parfiya - Ekbaton (İran), Siriyag`a o`tken. Qıtaydan Orta Aziyag`a jipek, temir, nikel`, qımbat bahalı teriler a`kelindi. Keyin bul tarmaq ken`eyip jan`a ishki tarmaqları-jo`nelislerin qa`liplestirdi.

Altay, İshki Aziya jerlerinde ju-janlardı qıyratqan tyurkler bul regionda jan`a tariyxıy basqıshtı baslap berdi. Tyurk kag`anlıqları (552-630 ha`m 683-734 jj.) transkontinental` Jipek jolında qadag`alaw ornattı. Birinshi Tyurk kag`anatlıg`ı (552-630 jj.) Evraziyadag`ı ko`shpeliler imperiyasına aynaldı. Gunn-eftalitler ornında payda bolg`an jan`a imperiya quramına Sog`dianada endi. Na`tiyjede sogdalıqlar erte orta a`sirdegi Ullı Jipek jolındag`ı sawda qatnaslarında Qıtay ha`m Batıs arasındag`ı baslı daldalshılar bolg`an. Kag`anattın` sawda jolları Qıtay, Vizantiya ha`m İslam elleri menen tutastı. Biraq shıg`ıs, batısta Tyurk kag`anlıg`ı sawda jolın

kontrollawg`a ha`reket etken Qıtay ha`m İran qısımına ushıraydı. Usı waqıtları Xorezm, Aral-Kaspiy aralıg`ı arqalı tranzit sawda magistralı qa`liplesti. Bul joldan 568-jılı Vizantiyag`a kag`an “sog`da sawdagerleri basshısı” Meniaxtı Yustinian II cawg`alar menen jiberdi (İerasulimskaya, 1977). Bug`an juwap retinde imperator Yustinian 568-jıl Tyurk kaganına Komit Zemarx basshılıg`ında elshiler jiberedi. Olardı jol saparında jipek tasıwshı ju`kshiler uzatıp barg`an.

Erte orta a`sirde arqa-batıs Kaspiy boylarında Xiywa (to`mengi Volga, Don ha`m Arqa Kavkaz) yarım ko`shpeliler ma`mleketi Xazariya qa`liplesti (VII–X a`sir). Ma`mleketti kag`an basqardı. Kag`anlıq ta`siri Shıg`ıs Evropada ku`shli bolg`an. Xazarlar qon`sı eller menen, a`sirese Batıs ha`m Shıg`ıs sawdasında o`z hu`kimin o`tkerip baj salıqların ko`p mug`darda o`ndirdi. Biraq ku`shli Xorezm xazarlar menen paydalı sawda qatnasların ju`rgizdi. Arab-parsı jazba dereklerinde, atap aytqanda: al Masudi (X-a`.) “Onda Xazar ten`izi... ko`p sanlı ko`shpeli guzlar qıslawları bolıp, olarg`a sho`listandag`ı tyurklerde jatadı” (MİTT.1939)- dep, al “Xudud al Alem” (X-a`.) avtorı bolsa “...Kaspiy ten`izi shıg`ısındag`ı sho`listanlıq guzlar makanına, Xorezmge ha`m Xazariyag`a tutasadı” – degen mag`lıwmatlardı qaldırg`an. Jazba dereklerde Aral boyı jerlerinin` sawda qatnaslarının` bir bag`darı Shıg`ıs Evropadag`ı Xazariya, Volga boyı Bolgariyası qalaları boldı. Al İstaxri (X-a`.) Qatqa (Beruni): “tyurk, xazar, slavyan qulları, dala tu`lkisi, qundız t.b. a`kelinedi” dep jazıp, “onnan sawda ka`rwanları Jorjan, xazarlarg`a jo`neydi” dep o`z mag`lıwmatın tolıqtıradı (MİTT). Arab geografı al Makdisi Xorezmge Shıg`ıs Evropadan alıp kelingen o`nimlerdin` 27 tu`ri Rus`, Volga boyları elatlarınan shıg`arılg`anın jazg`an.

Sawda qatnasları tariyxına tiyisli derekler arasında İbn Fadlan mag`lıwmatı dıqqatqa ılayıq. Onın` dereklerin analizlewge Yu.A.Krachkovskiy, A.P.Kovalevskiy, Z.V.Togan o`z u`leslerin qostı. İbn Fadlan 921-922-jılları Bagdad xalifası Muktadirdin` tapsırması menen Volga boyı Bulgariya patshası Almasqa jiberilgen 500 tu`yeden ibarat elshiler kərwanının` wa`kili bolıp, o`zinin` ko`rgen-bilgenlerin xatqa tu`sirgen. İbn Fadlan orta a`sirdin` ataqlı sayaxatshıları Marko Polo həm İbn Battutalarg`a ten`lespesede onın` qaldırg`an jazbaları u`lken tariyxıy a`hmiyetke iye. O`zinin` baqlawları ha`m derekleri menen İbn Fadlang`a Andaluziyalı Abu Xamid al Garnatiy (1150-1153) g`ana ten`lese aladı. Garnatiy İbn Fadlan sıyaqlı slavyanlar, bulgar elleri ha`m Xorezmde bolıp o`zinin` mag`lıwmatların qaldırg`an.

Jazıwlarda Volga boyı Bulgariyasındag`ı siyasiy waqıyalar menen birge basıp o`tken joldag`ı Buxara, U`rgenish a`mirligindegi jag`daylar, qalalar topografiyası, o`nermentshilik, sawda qatnası, qonıw jayları, jollar, o`nim-tovarlar, aqsha birlikleri, azıq-awqat tu`rleri, diniy-jerlew usılları ha`m bir qatar etnografiyalıq mag`lıwmatlar

berilgen. İbn Fadlan al Djurjaniyada (U`rgenish) 921 jılı noyabr`, 922-jıl fevral` ayında ma`jburiy toqtap irkilgen. Bug`an Aral boylarına qıstın` qattı keliwi na`tiyjesinde qardın` ko`p jawıwı sebepshi bolg`an. Aytıwlar boyınsha sol jılı kərwan tu`yelerinin` dizelerine shekem qar jawg`an eken. 922-jılı 4-martta İbn Fadlan kərwanı U`rgenishten shıg`ıp, U`stirttegi birinshi qonım Zamjanda (Shemaxa ala) tu`negen. Bul qonıstı ol «Bab-at-tyurk» - «Tu`rkler da`rwazası» dep ataydı. Keyin kərwan 18-mart Djit qonısında toqtag`an. Djitti ha`zirgi Puljay esteligi menen akademik Ya.G`. G`ulamov lokalizatsiyalag`an. Bul pikirge professor V.N.Yagodin de qosıladı. Djitten elshiler ka`rwanı oguzler dalası Aral-Kaspiy arqalı Bulgariyaga jetken. Bul qısqa mag`lıwmattın` a`hmiyeti sonnan ibarat Djit (Puljay) Qubla Aral boyı otırıqshı qala ma`deniyatına iye elatlardın` arqadag`ı shegara (forpost) qonısı bolg`anın da`lilleydi (Qdırniyazov, 2011).

Ullı Jipek jolının` Aral boyı qalaları ushın a`hmiyetin rawajlang`an orta a`sirlerde jazılg`an derekler de tastıyıqlaydı. Altın Orda zamanında (XIII-XIV-a`a`.) Xorezm qalaları jo`nin`de mag`lıwmatlar az jazıp kaldırılg`an. Biraq ku`shli rawajlang`an u`sh qala- Gurganj-Go`ne Urgenish, Qat-Beruni ha`m Mizdaxkan-Xojeli haqqında mag`lıwmatlar bar. 1333-jıl Xorezmde bolg`an arab sayaxatshısı İbn Battuta Gurg`andjdı sawdası rawajlang`an u`lken qala dep jazadı. Sayaxatshı Qat arqalı Buxarag`a baratug`ın sawda jolı, yag`nıy Jipek jolı boyınsha ha`reket etkenin jazıp qaldırg`an (Qdırniyazov, 1995).

Ulıwma XIII-XVI a`a`. Aral boyı, Xorezm qalalarının` sawda qatnasları jo`nin`de Jamal Qarshi (1230 j.), İbn al-Asir (1234), İbn Battuta (1304-1377), al-Omari (1301-1349), Amir Temur xatkeri İbn Arabshax (1436-37 j.), al-Yazdi (1405-1454), A.Samarkandi (1413-1482), al-Bakuviy (XIV-XV- a`a`) ha`m t.b. avtorlar jazıp qaldırg`an.

Aral boyı orta a`sir qalaları tariyxında Ullı Jipek jolının` a`hmiyeti Batıs jazba dereklerinde ha`m ushırasadı. Olardan Plano Karpini (1245-j.), Gayton (1307), Pasxaliy (1338), F.B.Pegolotti (1342), Shil`tberger (1438 –j.) mag`lıwmatları bar. Usı avtorlardan basqa XIII-XV –a`a`. Evropa ellerinde du`zilgen geografiyalıq kartalar: Medichi atlası (1351 –j.), ag`alı-inili Franchesko, Domeniko Pitsigani (1367), Katoloniya (1375-j.) ha`m t.b. kartalarda Shıg`ıs Evropadan Aral boyı, Xorezmge kelgen sawda jolındag`ı qalalar, qonım jayları Gurganj (Organcio, Norgancio, Organzi) atamasında, usı jo`neliste Melmesalak, Yaucho, Staira dep atalg`an ka`rwan saray, qonım jayları bar (Akimniyazova, 2013). Ulıwma Batıs ha`m Shıg`ıs dereklerinde Aral boylarınan o`tken sawda jolı bag`darları menen birge sawda

mallarının` assortimenti, ha`rekettegi transport quralları, abadanlastırıw isleri, qa`wipsizlikti ta`miyinlew ma`selesi ha`m t.b. mag`lıwmatlar ushırasadı.

Solay etip, joqarıdag`ı pikirler arqalı jazba dereklerdin` Aral boyı, Xorezmnin` orta a`sirdin` erte ha`m rawajlang`an da`wirleri boyınsha qala ma`deniyatı ha`m onın` Ullı Jipek jolı menen baylanısın u`yreniwge ja`rdemlesetug`ının anıqladıq.

A`lbette Tu`slik Aral boyı, Xorezm qalaları ha`m olardın` Jipek jolı menen baylanısın arxeologiyalıq izertlewler tolıqtıradı ha`m da`lilleydi. İzertlewlerdin` basım ko`pshiligi Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası (1937-1992-jj, Moskva) xızmetkerleri ta`repinen ju`rgizildi. Bul ekspeditsiya burıng'ı awqamdag'ı yag'niy SSSR İlimler Akademiyası Etnografiya institutının` usınısı menen 1937-jıl sho`lkemlestirilip og`an ullı izertlewshi S.P.Tolstov (1907-1976) basshılıq etken edi.

## Jipek jolının` da`slepki ashılıw ha`m izertlewler tariyxı

Ullı Jipek jolı tu`sinigi a`sirler dawamında qa`liplesti. 1877-jıl nemets ilimpazı Ferdinand Fon Rixtgofen (1833-1905) o`zinin` klassikalıq «Qıtay» miynetinde Evraziya materigindegi bir-biri menen baylanısqan sawda jolları sistemasın «Jipek jolı» (Seidenstrasse) dep ataydı. Ol keyinirek tariyxıy a`debiyatlarda «Ullı Jipek jolı» degen atqa iye boldı. XX-a`sirde Ullı Jipek jolı tariyxın izertlewdi nemets ilimpazları Al`ber Fon Gryunvedel` ha`m Al`bert Fon Lekok dawam ettirdi. A.Fon Gryunvedel` indiolog bolıp İndiya, Tibet, Mongoliya, Tuslik-Shıg`ıs Aziyada budda ma`deniyatı tariyxı menen qatar Shıg`ıs Tu`rkistandag`ı (Turfan) Ullı Jipek jolı izertlegen birinshi nemets ekspeditsiyasın basqardı. Ol bul ekspeditsiyag`a rus alımları V.V.Radlov, K.G.Zaleman, D.A.Klements ja`rdeminde kiristi. Nemets izertlewshisi 1902-1904 jj. Ullı Jipek jolı boyındag`ı qa`dimgi İdikutshari qala esteligin arxeologiyalıq jaqtan izertleydi.

Ullı Jipek jolın izertlewshi ekinshi nemets ekspeditsiyasın orientalist, tyurkolog Al`bert Fon Lekok (1860-1930) sho`lkemlestirdi. Ol İdikutshari esteligin qaytadan izertlep oraylıq zallardın` birinen diywalg`a salıng`an adeptler (sha`kirt ta`limatshılar) menen qorshalg`an Mani su`wreti ha`m sog`da jazıwın ashtı. Bul u`lken ilimiy jan`alıq edi. Sebebi Ullı Jipek jolı arqalı manixeiliktin` tarag`anı da`liyllendi. İzertlewshiler ekspeditsiya waqtında buddizm tariyxına baylanıslı da materiallar jıynadı. Qalada budda minarası, sanskript qol jazba u`lgilerin anıqlag`an. Budda syujeti bar freska-diywalg`a salıng`an su`wretlerdi ashtı. Bul izertlew buddizmnin` Orta Aziya arqalı Qıtayg`a taralıw tariyxına anıqlıqlar engizdi. Sebebi Qıtayg`a buddizmdi taratqan Orta Aziya monaxları ekenligi da`lillendi.

1905-jıl dekabrde A.Fon Lekok ha`m su`wretshi T.Bartus Qashg`arda ushırasıp A.Fon Gryunvedel menen birge u`shinshi nemets ekspeditsiyasın sho`lkemlestirdi. İzertlewshiler budda xramları Tumsıq bog`ız, Maralbası, Kumturu, u`n`girge jaylasqan «Gippokamplar», «Su`wretshi», «14 qılıshpaz», «Shen`berli kepterler», «Mayya», «Nagaradji», «Muzıkantlar», «Tawıslar» dep atalg`an xramlardı izertlep budda mifologiyası, ikonografiyasına ta`n ko`rkem-o`ner esteliklerin birinshi ret evropalıqlarg`a tanıstırdı. A.Fon Lekok 1913-1914 jj. to`rtinshi ekspeditsiyanı sho`lkemlestirip Turfandag`ı Kucha, Sımsay, Kumtur esteliklerin jan`adan izertleydi. O`z waqtında ja`riyalang`an ekspeditsiyalar materialları ilimge jan`a mag`lıwmatlar, tu`sinikler berdi (Richthofen, 1912; Le Coq, 1926; Vostochnıy Turkestan, 1988). Bul da`slepki izertlewler, Shıg`ıs Tu`rkistan (Turfan) estelikleri arqalı Ullı Jipek jolı keleshekte jazba derekler, materiallıq ma`deniyat u`lgilerin izertlewlerge jol ashtı. Sonın` menen qatar Jipek jolının` qa`liplesiwinde qa`dimgi Orta Aziya xalıqları: parfiyalıqlar, toxarlar, ferg`analıqlar, a`sirese sog`dalıqlar Batıs-Shıg`ıstı tutastırıwshı Jipek jolı tariyxında, onın` Shıg`ıs tarmag`ında jetekshi rol` atqarg`anı da`lillendi. Orta Aziyadan Qıtayg`a ma`deniyat jetiskenlikleri, texnikalıq jan`alıqlar (qag`az, ren`li shiyshe) jan`a diniy ko`z-qaraslar (manixeylik, buddizm) tarag`anın ko`rsetti. Nemets izertlewshileri a`sirese A.Fon Lekok miynetlerinde ko`plegen materiallar jıynalg`an. Ol mag`lıwmatlar Shıg`ıs Tu`rkistan, Orta Aziya, sonın` ishinde O`zbekistan tariyxı, wa`layatlardın` eski qalaları sawda, ma`deniy qatnaslar jo`nin`de mag`lıwmatlar toplawg`a da u`lken ta`siri bar.

Ulıwma alg`anda nemets ilimpazları o`zlerinin` ko`p tarmaqlı ilimiy miyneti «Jipek jolı miyrasxorları» shıg`armasında kontinental` aralıq sawda jolının` ashılıwı (yag`nıy qa`liplesiwi) Oraylıq Aziya regionın`ın` tariyxıy ha`m ma`deniy (tsivilizatsiyalıq) rawajlanıwına u`lken ta`sir jasadı degen juwmaqqa keledi. Ullı Jipek jolı arqalı Oraylıq Aziya xalıqları Qıtay, İndiya, Persiya, Jer orta ten`izi tsivilizatsiyaları menen tanıstı. Kerisinshe atı atalg`an jerler xalqı ma`deniyatı Orta Aziyalıqlar tsivilizatsiya jetiskenlikleri menen ushırastı.

Biraq Jipek jolı haqqındag`ı da`slepki tu`sinikler e.b. III a`sirlerden qa`liplesti desek boladı. Sebebi Qıtay batıs jerleri menen sawda islerin basladı. Qıtay imperatorı Vu Di e.b. 138-j. o`z balası Chjan Tszyandı batıs jerlerine xunnallarg`a qarsı gu`reste awqamlaslar tabıw ushın jiberdi. Chjan Tszyan` Issı ko`l boyı jerleri, Ferg`anada bolg`an, eline qaytıp barıp Orta Aziya menen qolaylı sawda jolının` barlıg`ın da`lillep ko`rsetti. I-VII-VIII -a`sirler arasında Orta Aziya, Qıtay ortasında o`z ara sawda malların almasıw protsessleri rawajlanıp barg`an. Bul jolda jipek sawdasının` roli ku`shli edi. Rimde jipekti «bulttanda jen`il», «muzday tınıq» yamasa «qıtay perdesi»

dep atag`an. A`sirler dawamında basqa tovarlar menen qatar jipek sawda tovarı boldı. Jipek jolı jan`a dinlerdin` (buddizm, nestorianlıq), ekzotikalıq zatlar (marjan, shaq, iyisli sho`pler t.b), o`nermentshilik o`nimleri, ilimiy tu`siniklerdin` taralıw, siyasiy ha`m ma`deniy dialoglar jolı boldı. E.b. 138-j. ashılg`an jipek jolı 12 mın` km. sozıldı. Qa`dimgi Qıtaydın` paytaxtı Loyan`nan baslanıp, Jer orta ten`izi (Rim) shegaralarına jetti. XV-a`sirde Tu`sliktegi ten`iz jollarının` ashılıwı Jipek jolı ha`reketin shekledi, son`g`ı a`sirlerde bul jolda qatnaslar toqtay basladı.

XIX- a`sirde g`ana Evropanın` jan`a shiyki zatqa bolg`an talabı, ilim ha`m ma`deniyattın` jan`a pa`t penen rawajlanıwı Ullı Jipek jolına qızıg`ıwshılıq oyattı. Jipek jolı tariyxın izertlew tsivilizatsiya tariyxın u`yreniw menen birge alıp barıw maqsetke muwapıq keledi. Sebebi tsivilizatsiya jetiskenliklerine ta`sir jasawshı faktorlardın` biri, bul xalıq aralıq ma`deniyat dialogı – qatnasları negizlerin quraydı. Solay eken Jipek jolı tariyxın u`yreniw menen talabalar, magistrlar Orta Aziya xalıqları tsivilizatsiya jetiskenlikleri menen de tanısıw mu`mkinshiligine iye.

Jipek jolı tariyxı Orta Aziyalı ilimpazlarda qalalar tariyxına baylanısta izertlengen. Olarg`a K.M.Baypakov (Qazaqstan), Yu.F.Buryakov, E.V.Rtveladze, (Uzbekstan), S.T.Tabıshaliev (Kırgızstan), E.İ. Lubo-Lesnichenko, A.M.Petrov, V.A.Radkevich (Rossiya) ha`m tag`ı basqalardı atap o`tiw kerek. Biraq bul ilimpazlardın` ko`pshiligi o`z regionlarına baylanıslı pikirlerdi keltiredi. Biz a`lbette oqıw-metodikalıq qollanbamızda Jipek jolı boyınsha basqada ilimiy izertlew jumıslarına dıqqat awdaramız.

Oraylıq Aziyanın` shıg`ıstag`ı shetki u`lkelerinin` biri Qazaxstan Respublikasının` İspidjap (Shımkent), Jeti suw, İlek, Talas, Shu dalası aymaqları esaplanıladı. Orta Aziyada, Qazaqstan Respublikasında Ullı Jipek jolı tariyxın arnawlı izertlegen ilimpazlardın` biri, Qazaqstan Respublikası İlimler Akademiyası akademigi K.M.Baypakov esaplanıladı. Bul talantlı ustaz o`zinin` bir neshe ilimiy monografiya, maqala, arnawlı foto al`bomların Jipek jolı tariyxına arnag`an. İlimpaz miynetlerinde Qazaqstan aymag`ına rimliklerdin` sawda menen keliwi, jipektin` «tyurklerden greklerge» jolı, shıg`ıs-batıs sawda darbenti Otrar, og`uz, qıpshaqlardın` sawda orayı Jan`a kent, xalıq aralıq trassalardın` dialoglardag`ı a`hmiyeti usag`an ilimiy pikirlerdi unamlı talqılap sheshedi (Baypakov, 1998).

O`zbekistan Respublikası alımları Yu.F.Buryakov, E.V.Rtveladze, O.P.Kobzeva, A.A.Gritsina ha`m tag`ı basqalar Ullı Jipek jolı Orta Aziya tarmaqların izertlew boyınsha arnawlı izertlewler ju`rgizbekte. Elimiz arxeolog, tariyxshıları Jipek jolı boyınsha entsiklopediyalıq, monografiyalıq miynetler jazıp, ilimiy

mazmundag`ı maqalalar ja`riyaladı, xalıq aralıq ko`lemdegi simpozium, konferentsiyalarda mazmunlı bayanatları menen qatnaspaqta.

Respublikamızda Ullı Jipek jolı tariyxın izertlewshilerden akademik Yu.F.Buryakov miynetlerin atap o`tiw kerek. İlimpazdın` «Tashkent oazisi qa`dimgi qalaları topografiyası», «Tashkent oazisi qala ma`deniyatının` genezisi ha`m rawajlanıw etapları», «Orta Aziya ka`rwan jollarında» ha`m basqada miynetlerinde Jipek jolı Orta Aziya jerlerine sonın` ishinde Maverannaxr shıg`ısındag`ı Shash–Tashkent jerlerine tsivilizatsiyalıq ta`sirine ken` analiz jasalg`an (Buryakov, 1975, 1982; Buyuk İpak ywlida,1994).

Akademik E.V.Rtveladze o`zinin` Jipek jolı tariyxına arnalg`an ko`pshilik miynetlerinde antik da`wirdegi sawda jolının` a`hmiyetli qonıslarınan baslap (Termiz-Kempir to`be) sog`dalıqlardın` Uzaq Shıg`ıstag`ı qonıs koloniyaları, Ullı Jipek jolına arnalg`an entsiklopedik xarakterdegi izertlewleri bar (Rtveladze, 1999). İlimpaz Jipek jolının` qa`liplesiw jag`dayları, tovar–aqsha qatnasları, iskusstvo tariyxı, ayrıqsha tu`rdegi o`nimlerdin` orın almasıp jılısıwı, qalalardın` rawajlanıwına ta`sir jasawshı ma`deniy baylanıslardı o`z shıg`armalarında analiz jasaydı. Jipek jolındag`ı integratsiyalıq jag`daylardın` tsivilizatsiya tariyxına ta`sirin ayrıqsha atap o`tedi.

O`zbekistan İlimler Akademiyası Tariyx institutının` jetekshi ilimiy xızmetkeri, professor D.A.Alimova o`zinin` «Ullı Jipek jolı tariyxında Tashkenttin` roli» maqalasında Tashkenttin` Ullı Jipek jolında, tsivilizatsiya tariyxındag`ı ornın joqarı bahalaydı (Alimova, 2008).

O`zbekistan Milliy universitetinin` professorı t.i.d. O.P.Kobzeva bizin` elimizdegi Jipek jolı tariyxının` ha`zirgi zamandag`ı ornın bahalawg`a kirisken izertlewshilerdin` biri. Avtordın` bir neshe maqalaları, oqıw qollanbaları, monografiyaları Jipek jolı tariyxına arnalg`an. Onın` izertlewlerinde nemets ilimpazlarının` Qıtayda, Shıg`ıs Tu`rkistanda, Uzaq Shıg`ısta alıp barg`an ilimiy jumıslarına ken`nen analiz jasalg`an (Kobzeva, 2002). Ya.G`.G`ulamov atındag`ı Arxeologiya institutının` ag`a ilimiy xızmetkeri A.A.Gritsina o`z izertlewlerinin` bir bag`darın Jipek jolının` boyındag`ı Ustrushana wa`layatı (Sırda`r`ya, Samarqand, Ta`jikistan) jerlerinin` tariyxıy estelikleri menen qatar elatlardın` sawda qatnaslarındag`ı a`hmiyetine bag`ıshlag`an (Gritsina, 2005).

Shıg`ıs tsivilizatsiyasının` Mesopotamiya, Egipet, Hindistan, Qıtay, Krit, Gretsiya, İran, Orta Aziya, Afg`anistan usag`an oshaqları ma`lim. Oraylıq Aziyada Jipek jolı tariyxı menen birge du`n`ya ju`zlik tsivilizatsiyanın` jergilikli u`lgisi bolg`an ma`deniyat oshaqları izertlendi. Orta Aziyada tsivilizatsiya belgileri bronza

da`wirinen Anau, Namazga, Altın to`be, Sapallı to`be, Jarqutan, Sarazm ma`deniy basqıshlarınan rawajlana baslaydı. Antik ha`m orta a`sirlerde Sog`da, Baktriya, Margiana, Xorezm usag`an tsivilizatsiya oshaqları rawajlanıp bardı (Kdırniyazov M.-Sh, Kdırniyazov O.-Sh, 2014). Bul tsivilizatsiya oshaqlarının` qa`liplesip ha`m rawajlanıwına a`lbette Jipek jolı ta`sir etti. Orta Aziyanın` ko`pshilik qalalarının` sawda, o`nermentshilik orayları sawda jolı boyında jaylasqan, tovar almaslaw, jan`a dinlerdi qabıllaw, ruwxıy oy-pikirlerdi ka`millestirip basqa jerlerge uzattı. Na`tiyjede Orta Aziya xalıqları tsivilizatsiyası rawajlanıwdı dawam etti.

Qa`dimgi ha`m orta a`sirlerde Shıg`ıs tsivilizatsiyasının` oshaqlarının` biri bolg`an Aral boyı, Xorezm alabı tariyxın izertlewdin` basım ko`pshiligi Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası (1937-1992-jj. Moskva) xızmetkerleri ta`repinen ju`rgizildi. Bul ekspeditsiya Burıng`ı Ken`es awqamı İlimler Akademiyası Etnografiya institutı ta`repinen 1937-jıl sho`lkemlestirilgen edi. Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası izertlewlerinde Ullı Jipek jolı tariyxına, tsivilizatsiyalar baylanısı ma`selelerin izertleytug`ın materiallar toplandı. Bul ekspeditsiyanın` jumıslarındag`ı Jipek jolına arnalg`an maseleler o`z uaqtında belgili ilimpazlar S.P.Tolstov (1948 a), N.N.Vakturskaya, E.E.Nerazik, G.A.Fedorov-Davıdov, Yu.A.Rapoprot, O.A.Vishnevskayalar miynetlerinde ja`riyalandı (Vishnevskaya, 1958; Vakturskaya, 1958).

Son`ınan 1959-jıl No`kiste O`zbekistan İlimler Akademiyasının` Qaraqalpaqstan Bo`limi (O`zİA QQB) du`zilip onda respublikamızda belgili ilimpazlar V.N.Yagodin, M.M.Mambetullaev, 1970-1974-jıldan baslap G.X.Xojaniyazov (Qorg`ansha, Qızıl qala, Axshaxan), O.Yu.Yusupov, J.Turmanov (Kerder), M.-Sh. Qdırniyazov (Korg`ansha, Ay Ata, Belewli, Mizdaxkan, Puljay), M.T.Torebekovlar (Korg`ansha, Mizdaxkan, Topıraq qala-Qon`ırat, Bograxan) ekspeditsiyalar quramında o`zlerinin` arxeologiyalıq izertlew jumısların baslag`an. Olar ha`zirgi da`wirde de Karaqalpaqstan, Xorezm oblastı, U`stirt aymag`ında Ullı Jipek jolı boyındag`ı qalalar tariyxı boyınsha ilim-izertlew jumısların alıp barmaqta. Bul qalalar tek g`ana urbanizatsiya estelikleri emes, al tsivilizatsiya orınları esaplanadı. İzertlewler na`tiyjesinde Aral boyı, Xorezm oazisinin` orta a`sir qalalarının` Jipek jolı boyındag`ı jaylasıwı, olardag`ı o`nermentshilik tarawları, sawda qatnasları, ulıwma ma`deniy, ekonomikalıq tariyxı haqqında mag`lıwmatlar toplandı.

O`zbekistan Respublikası aymaqları qa`dimgi urbanizatsiya ha`m tsivilizatsiya oshaqlarınan esaplanıladı. Elimiz aymaqlarındag`ı eski qalalar Samarqand, Shaxrisabz, Tashkent, Buxara, Xiywa, Termiz, Qarshı, Margilan ha`m tag`ı basqa da qalalar mın`lag`an jıllıq tariyxqa iye. Bul qalalardın` rawajlanıwına Jipek jolının`

ta`siri ku`shli bolg`an. Jipek jolı insaniyat tariyxında xalıqlardın` ma`deniyat tarawında birge islesiwine, a`sirese tsivilizatsiya tariyxına, ruwxıylıq ha`m insanıylıq ideyalarının` rawajlanıwına u`lken ta`sir jasag`an.

Jipek jolı tariyxın izertlew du`n`ya ellerinde XX-a`. 80-90-jj. jan`adan ayrıqsha dıqqat awdarılmaqta. Bul tema xalıq aralıq ilajlar qatarına ko`terildi. 1987–jıl YuNESKO nın` XXVI Bas Assambleyası 10-jıllıq global tema «Jipek jolın kompleksli izertlew - dialog jolı» qabıl etti. Bul taraw boyınsha bir neshe xalıq aralıq ekspeditsiyalar, ilmiy konferentsiyalar, rawajlang`an ellerdin` ma`mleket, turistlik biznes basshılarının` ushrasıwları boldı. 1989-jıl YuNESKO nın` «Ullı Jipek jolı» ekspeditsiyası Oraylıq Aziyadag`ı burıng`ı sawda jolları boylap o`tti, izertlewler alıp bardı. 1990-jıl Samarqand qalasında YuNESKO nın` xalıq aralıq ilimiy seminarı o`tti. 1991-jıl jazda YuNESKO nın` 30 elden adamlardın` qatnasıwı menen Ashxabadtan baslang`an Dala jolı («Stepnoy put`») ekspeditsiya qatnasıwshıları Qıtay shegarasına deyin bardı. Bul marshrutta ko`plegen ushırasıwlar Maverannaxr qalalarında da boldı.

O`zbekistannın` g`a`rezsizlik alıwı menen insaniyat tsivilizatsiyasının` rawajlanıwına ta`sir jasag`an faktorlardın` biri – Jipek jolı tariyxın u`iyreniwge u`lken dıqqat awdarıldı. Respublikamız prezidenti İ.A.Karimov YuNESKO nın` Atqarıw Komiteti 155-sessiyasının` juwmaqlawshı ma`jilisindegi so`zinde ha`m basqada shıg`ıp so`ylewlerinde Ullı Jipek jolının` a`hmiyetin joqarı bahalaydı (Karimov İ.A, 1996). Xalıq aralıq sho`lkemler ha`m baska da Jipek jolı tariyxı menen qızıg`ıwshı ta`replerdin` birge islesiw oraylarının` biri O`zbekistan Respublikası bolıp qalmaqta. Sonın` ushında O`zbekistan Respublikasında Ullı Jipek jolı tariyxına arnap bir neshe ilimiy anjumanlar o`tkerildi, arnawlı a`debiyatlar toplamları ja`riyalandı. Olarg`a «Na sredneaziatskix trassax Velikogo shelkovogo puti. Ocherki istorii i kul`turı» (Tashkent, 1990); «CentraI Asian towns on the Great SiIk road». Samarkand, 1991; «Goroda i karavan sarai na trassax Velikogo Shelkovogo puti». YuNESKO Xalıq aralıq seminar materialları. (Urgench, 1991); «Ullı Jipek jolı boyı qalaları ha`m marshrutları. Oraylıq Aziya materialında» (Tashkent,1999); «Velikiy Shelkovıy put` i Ferganskaya dolina» (Materialı Respublikanskoy nauchno-teoreticheskoy konferentsii. Tashkent,2004); «İstoriya i sovremennost` Velikogo Shelkovogo puti: sotsial`no-kul`turnıe, istoricheskie, politicheskie i ekonomicheskie aspektı razvitiya» (Mejdunarodnaya konferentsiya, Tashkent, 2013) ha`m basqaların ko`rsetiw mu`mkin (CentraI Asian towns,1991; Arxeologiya i istoriya Tsentral`noy Azii, 1991). Bul konferentsiya, seminarlarda jasalg`an bayanatlarda tek Jipek jolı emes, al tsivilizatsiya tariyxı boyınsha da pikirler aytılg`an.

Bul izertlewler Jipek jolının` Orta Aziya xalıqları tsivilizatsiya tariyxındag`ı jetiskenlikleri, ma`deniy rawajlanıw jag`dayları, sonday-aq ilim, pa`n tarawındag`ı integratsiyalıq qubılıslardı izertlew ma`selelerin u`yreniwge mu`mkinshilik beredi. Tsivilizatsiya tariyxı bul sawda qatnasları, o`z-ara zat almasıw, joqarı ideyalardın` taralıw qubılısları menen de tıg`ıs baylanıslı.

Ulıwma juwmaqlastırıp aytqanda Jipek jolı tariyxın Orta Aziyalı izertlewshiler qatarında O`zbekistan Respublikası ilimpazlarınan Yu.F.Buryakov («Maverannaxr na Velikom Shelkovom puti». Samarkand-Bishkek, 2006), E.V.Rtveladze («Velikiy Shelkovıy put`». Tashkent, 1999), D.A.Alimova («Rol` Tashkenta v istorii Velikogo shelkovogo puti»), A.A.Gritsina («K istoricheskoy topografii gorodov Ferganı na Velikom shelkovom puti». Tashkent, 2004), Brıkina G.A («Ferg`ana na Velikom Shelkovom puti». Samarkand, 2004), O.P.Kobzeva («U istokov nauchnogo izucheniya Velikogo Shelkovogo puti». Tashkent, 2000), M.-Sh.Kdırniyazov («Velikiy shelkovıy put` i srednevekovıe goroda Xorezma». Samarkand, 2004), Sh.T.Adılov («Buxarskiy oazis i Shelkovıy put`». Samarkand, 1991) ha`m tag`ı basqalardın` ilimiy miynetlerin ayrıqsha atap o`tiw kerek. Qa`dimgi Xorezm tsivilizatsiyasının` Jipek jolı arqalı ma`deniy baylanısları jo`nin`de t.i.d, professor V. N. Yagodin da arnawlı jumıslar islegen (2000).

Ullı Jipek jolı bir neshe mın`lag`an kilometr qashıqlıqtag`ı Batıs-Shıg`ıstı tutastırg`an u`lken a`hmiyetke iye kommunikatsiya. Cawda jolı e.b. II-a`sirde baslandı. Bul ha`reket ku`shli imperiyalardın` (Kushan, Rim, Tyurk kag`anlıg`ı) da`slepki a`skeriy ha`m diplomatiyalıq maqsetlerinen kelip shıg`ıp son`ınan g`ana ekonomikalıq, ma`deniy ha`m sawda baylanısları ma`plerine baylanıslı rawajlana basladı.

Jipek jolı awel bastan-aq o`zgermeytug`ın, ma`deniy qatnaslardı toqtatpaytug`ın jol bolmadı. Siyasiy kataklizmlerge baylanıslı sawda jolı ha`reketi toqtadı yaki bag`darın o`zgertti. Bul joldag`ı geostrategiyalıq a`hmiyettegi Oraylıq Aziyadag`ı nuqtalar Maverannaxr ha`m Xorezm qalaları esaplanadı. Bul joldı izertlewge XX-XXI - a`sir baslarında jan`adan a`hmiyet berilmekte. O`zbekistannın` g`a`rezsizlik alıwı menen Ullı Jipek jolı tariyxı bizin` elimizde jan`a bag`darlar, mazmunlar menen tolıqtırılmaqta.

## II-BAP

## ULLI JİPEK JOLI HA`M ARAL BOYINDAG`I SAWDA-O`NERMENTShİLİK MA`DENİYaT ORAYLARI

### Ullı Jipek jolı ha`m Aral boyı sawda-o`nermentshiliq qalalarının` qa`liplesiwi

Ullı Jipek jolı Maverannaxr sha`ha`rleri sıyaqlı, Qubla Aral boyı, Xorezm alabı qalaları tariyxında ha`m u`lken a`hmiyetke iye bolg`an. Biraq Jipek jolının` Xorezm qalaları ma`deniyatına ta`siri izertlewshiler dıqqatınan shette qalıp keldi. Region qalalarına Jipek jolının` ta`siri arnawlı izertlenbedi. Oraylıq Aziyanın` sawda qatnasları tariyxında ha`r bir Aral boyı qalası o`z ornı ha`m a`hmiyetine iye bolg`an. A`lbette Jipek jolı Xorezmnin` barlıq qalaları u`stinen o`tpegen. Tek g`ana geografiyalıq jaylasıwı qolaylı, shiyki zat bazası, eginshilik, o`nermentshilik potentsialına iye, sawda orayları g`ana bul jol menen tutasqan. Oqıw-metodikalıq qollanbada jergilikli orta a`sir qalaları turmısında Jipek jolının` a`hmiyetin ko`rsetiwge ha`reket etemiz. Usı maqsette Aral boyı, Xorezmnin` sawda jolı boyındag`ı qalalarına tiyisli jazba derekler ha`m arxeologiyalıq izertlew juwmaqlarına toqtaymız. Bul izertlewler Aral boyı aymag`ının` basqa jerleri menen qatar qa`dimgi Qaraqalpaqstan territoriyalarındag`ı sawda - o`nermentshilik qalalarının` qa`liplesiw jag`daylarına anıqlıqlar engizedi.

Jazba ha`m arxeologiyalıq izertlewler Jipek jolının` Maverannaxr ta`repindegi paytaxt **qalası Qat** (Beruni) atap ko`rsetiledi. Jazba derekler: al Belazuriy, at Tabariy, al İstaxri ibn Ruste, ibn Xaukal t.b. mag`lıwmatlarında bul qala u`sh bo`lek urbonim menen ataladı (Fil, Qat, Xorezm). Fil urbotoponimi ha`zirgi Beruniy qalası territoriyasındag`ı «Pil qala» qorg`anı atında saqlang`an. Boljawlar boyınsha qalan`ın Fil, Xorezm dep atalg`an bo`limlerin Jayxunnın` suw tasıwları waqtında degish juwıp ketken. 1219-1220-jıllar qıs aylarında Xorezmde bolg`an Yaqut al Xamaviy Xorezmnin` qa`dimgi paytaxtı Fil, keyin ol Mansura dep atalg`an degen mag`lıwmattı beredi. Suw tasqınlarınan keyin da`r`ya boyınan alısıraqta jaylasqan u`lken bo`legi Qat saqlang`an. Arab jol ko`rsetkishlerinde Qat on` jag`adag`ı iri elatlardan bolıp Buxara-Varaxsha-Qızıl-qum ka`rwan jolındag`ı Shoraxannan keyin ornalasqan u`lken qala. Qat 995-jılg`a deyin xorezmshax afrig`iy Abu Abdallax ma`mleketi paytaxtı boldı. Son` qala maydanı kishireygeni menen ekonomikalıq ha`m ma`deniy a`hmiyetin joyıtqan joq. Orta a`sirlerde Qat awıl xojalıg`ı, o`nermentshilik ha`m sharwashılıq o`nimlerin sırtqı bazarlarg`a shıg`ardı. Al İstaxri

(930-933 jj.) jazg`an «Du`n`ya elleri boylap» kitabında «Qat o`nimdarlı qala, onda azıq-awqat, miyweler, paxtadan, ju`nnen zatlar o`ndiriledi. Olardın` baylıg`ı mal sharwashılıg`ı ha`m tu`rkler menen bolg`an sawdadan alınadı. Qatqa tyurk, xazar, slavyan qulları, dala tu`lkisi, qundız tag`ı basqalar a`kelinedi»-dep jazadı (MİTT.1939). Anonim avtor «Xudud al-Alem» (982-j.) «Qat Xorezmnin` bas qalası tyurk tovarları, sawdagerler jıynalatug`ın jer. Onnan dastıq, sırlang`an shapan, paxta gezlemesi, ruxbin (irimshik tu`ri) shetke (sawdag`a-*G.A*) shıg`arıladı-degen mag`lıwmat qaldırg`an (MİTT.1939). Jazba derekler Qattın` sawda qatnaslarındag`ı bag`darların ko`rsetedi.

Solay etip, bul derekler qalanın` Evraziya dalası (tyurk qa`wimleri), Xazariya (Shıg`ıs Evropa), Rus` (slavyan) menen sawda bag`darın ko`rsetedi. Arxeologiyalıq qazıw jumısları Qat qalasının` topografiyalıq planigrafiyası menen qatar a`sirler dawamında qa`liplesken qalanın` o`nermentshiligi, sawda qatnası haqqında mag`lıwmatlar jıynawg`a mu`mkinshilik berdi. Bul jerde ja`miyetlik qurılıslar menen qatar qalanın` sawda qatnasları haqkında mag`lıwmat beretug`ın tyurk-mongol tipindegi oq-jay ushları, shetten alıp kelingen buyımlar, ju`zim sha`rbetin tayarlaytug`ın press-ezgishler tabılg`an. Ulıwma biz Qat qalası orta a`sirlerdegi Jayxun boyındag`ı sawda oraylarınan ekenin bilemiz. Bul a`lbette Ullı Jipek jolı ta`sirinde boldı. Maverannaxrdan Qızıl-qum arqalı kelgen sawda jolı qala u`stinen o`tti. Usı joldan ullı sayaxatshı İbn Battuta (1333-j.) Qat arqalı Qızılqum sawda jolın basıp o`tip Vabkent ma`kanı u`stinen Buxarag`a barg`an (İbrahimov,1993). Usı jol bag`darı Altın Orda ha`m Temuriyler zamanında Se-poya (U`sh oshaq) atı menen belgili. Orta a`sirlerdegi a`skeriy ju`rislerde Qızıl-qum sıyaqlı qıyın geografik ken`isliklerden basıp o`tkende burınnan belgili ka`rwan jollardan paydalang`an. «Zafarnoma» avtorı Sharafuddin Ali Yazdiy Amir Temur Xorezm hu`kimdarları Qon`ırat Sufiylerine qarsı 1372-jıl birinshi, 1376-jıl u`shinshi ju`rislerinde «Jayxun suwı jag`asındag`ı Sepoya mavze`sinde- orında saltanat penen toxtadı»-dep jazadı Yazdiy, 1994). Bul derekler Jipek jolı boyı Xorezm qalaları tariyxın u`yreniwde sawda trassalarının` a`hmiyeti joqarı bolg`anın ko`rsetedi.

Karaqalpaqstan aymag`ındag`ı Jipek jolı boyında qa`liplesken qalalardın` biri a`lbette Qaratawdın` A`miwda`r`ya ta`repinde jaylasqan estelik **Jampıq qala** bolg`an. Bul qala antik da`wirde qa`liplesip XV-a`sirge deyin awıl xojalıg`ı, taw-ka`n o`nermentshiligi orayı, sawdagerler kelgen orın esaplanadı. Yu.P.Manılov, G`.X.Xojaniyazov, A. Alikberova, O.Dospanov ju`rgizgen arxeologiyalıq qazıwlar waqtında iri qurılıslar menen qatar qalanın` o`nermentshilik ustaxanaları ashılıp, shetten a`kelingen sawda mallarının` u`lgileri tabıldı. Olar arasında Altın Orda

xanları (O`zbek, Janibek, Berdibek) tengeleri, Qıtay bronza aynaları, İran minayı, Volga boyı Bulgariyası aq kayın qabıqları bar (Manılov, Kdırniyazov, 1984; Xojaniyazov, Kdırniyazov, Dospanov, 1990, 1992). Jampıq qala Sultan Uays tawlarınan o`ndirilgen yarım hasıl tas (serdolik, biryuza) ha`m qazan-tabaq, qurılıs, ta`rezi tasların tayarlaytug`ın iri o`nermentshilik orayı esaplanadı (Kdırniyazov, 1986). Bul o`nimlerdin` a`jayıp u`lgileri Suza, Persopol` (İran), Gruziya, Qırım, Ukraina (Kiev), Arqa Kavkaz (Madjar), Astraxan`, Saray (Rossiya), Sauranda (Qazaqstan) tabılg`an.

**Gurganj (Jorjaniya) qalası** qa`dimgi, orta a`sirlerdegi Aral boylarındag`ı paytaxt qalalardın` biri. Xorezmnin` g`ana emes al pu`tkil Orta Aziyanın` Ullı Jipek jolı boyındag`ı iri qalalarının` biri Urgench (Gurgandj). Maydanı 400, 640, 1000 ga. Qala b. e. b. V-IV-a`a`. qa`liplesti (Qırıq molla qorg`anı). Qala haqqında mag`lıwmat Qıtay dereklerinde bar, onda Urgensh Yue-Gan` (Yuetsyan`) dep ataladı. X-a`sir baslap qala ullı Xorezmshaxlar ma`mleketinin` paytaxtı. Usı da`wirden baslap Gurgandj Arab-parsı geografiyalıq shıg`armalarında sawdag`a baylanıslı ko`p dereklerde ushırasadı. 1952, 1988 ha`m 1992-jılları qalanın` arxeologiyalıq ob`ektlerinde statsionar qazıw jumısları alıp barıldı. Arxeologlar ta`repinen 1952-jılı Xorezmshax Abul Abbas Mamun ibn Mamun meshit minaret qaldıg`ı, antik da`wir (Qırıq molla) qorg`an ornı (1991-1992-jj.) ka`rwan saray, sawda-o`nermentshilik kvartalı, Tash-qalanın` qorg`anı orınları ha`m.t.b. ashıldı. Qalada Xorezmshaxlar da`wirine tiyisli Al Arıslan, Tekesh, Altın Orda estelikleri Nadjimaddin Kubro, Turebek xanum, Sulton Ali (XVI a`) mavzoleyleri, ka`rwan saray portalı, Qutlı Timur minareti saqlang`an.

Parfiya da`wirinde qa`liplesken qala a`sirler dawamında Shep jag`adag`ı qala ma`deniyatının` iri oshaqlarınan bolg`an. Qala 995-jıldan baslap xorezmshaxlar Mamuniyler (992-1017) paytaxtı boldı. Qolaylı geografiyalıq jaylasıwı menen Gurganj (Go`ne-Urgenish) orta a`sirde ha`m jan`a da`wirde Jipek jolının` iri tranzit sawda ornına aynaldı. Al İstaxri «Bul (Urgenish) Qattan keyingi u`lken qala, ol guzlar menen sawda ornı, odan sawda ka`rwanları Jorjan (İran), xazarlarg`a (Kaspiy boyı ma`mleketi-*G.A*) – jo`neydi dep jazadı. Ol a`sirler dawamında (X-XVII a`a`.) o`nermentshilik, sawda, ma`deniyat ha`m ilim orayına aynaldı. Bul jerdegi «Baytul hikma» (Mamun akademiyasında) az Zamaxshariy, İbn Sina, Beruni, Farabi sıyaqlı alımlar isledi. Xorezmshax Anushteginler zamanında (1097-1231) Urgenish xalıq aralıq Batıs ha`m Shıg`ıs sawdasında jetekshi orında turdı. Bul qalanın` a`hmiyeti XIV-XV a`sirlerde ha`m to`menlemegen. Florentsiyalı sawdager F.B.Pegolotti 1342-jıl du`zgen «Sawda praktikası» shıg`armasında «Kimde-kim Genuya yaki

Venetsiyadan bul jerlerge (Altın Orda ma`mleketi aymaqları-*G.A*) ha`m Qıtayg`a sawdag`a shıqsa, o`zi menen gezlemeler alıp U`rgenishke jetsin, al U`rgenishte olardı gu`miske («soum, sum» gu`mis quyılması-*G.A*) almastırıp arı qaray Qıtayg`aketsin»-depjazadı (RegoIotti.1936). Urgenishtin` a`hmiyeti Temuriyler zamanında (1370-1505) ha`m to`menlemedi. 1438-jıl Shıraz qalasınan shıqqan sawdager Shamsuddin Muxammed xoja Urgenishte bolıp, ekzotikalıq sawda malların-marjan, ambra, aloe, sandal, burısh, imbir, muskat g`ozası, gvozdika, «brazil», ebel ag`ashı, indigo (paxta gezlemesi) Altın Orda paytaxtı Sarayg`a aparg`an (Zoxoder, 1966). S.P.Tolstov du`zgen Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyasının` Go`ne-Urgenishtegi arxeologiyalıq qazıw jumısları jazba dereklerdegi mag`lıwmatlardı tastıyqlaydı. Qazıwlarda tabılg`an Shıg`ıs ellerinen a`kelingen lyustra (qandil), minay, gran de-ri (İran), farfor, seladon (Qıtay) gulal ıdısları, Volga boyı Bulgariyadan a`kelingen aq qayın` qabıg`ı (Vakturskaya, 1958), Buxara, Samarkandta engizilgen Temuriylerdin` ten`ge, miri aqsha birlikleri (Fedorov-Davıdov,1958), Volga boylarınan a`kelingen aq qayın qabıg`ı sawda qatnaslarında aynalısta bolg`anın da`lilleydi. Sonday aq Uzaq Shıg`ıstag`ı jurjen, Qıtaydın` qurılıs ma`deniyatı ta`sirinde Aral boylarında XIII-XIV a`sirlerde payda bolg`an ka`n oshaqları Urgenish, Mizdaxkan, Belewli estelikleri jay qurılıslarında ashılıwı pikirimizdi qosımsha tastıyıqlaydı.

Aral boyındag`ı XXIV a`sirlik tariyxqa iye qa`dimgi ha`m orta a`sirdin` iri esteligi Xojeli qalası aymag`ında jaylasqan **Mizdaxkan qalası** esaplanadı. Arab-parsı jazba dereklerinde «Mizdaxkan-u`lken qala, onın` a`tirapında 12 000 rustan (awıl, qorg`anlar-*G.A*) jaylasqan» (al Makdisi) – degen mag`lıwmat penen birge onın` sawda jolındag`ı jaylasıw koordinatları berilgen (ibn Ruste, al İstaxri). Bul jerde uzaq jıllar dawamında (1985-2013) Berdaq atındag`ı QMU professor-oqıtıwshıları M.T.Torebekov, M.-Sh.Qdırniyazov, ha`m A.Alimbetov, S.Saipovlar arxeologiyalıq qazıw jumısların alıp barmaqta. Arxeologiyalıq qazıwlar jergilikli o`nimler menen qatar g`ayrı jurtlardan alıp kelingen zatlar qatarında Mizdaxkanda tabılg`an Sun dinastiyası wa`kili imperator Chjao Guan`-i (X-a`sir) mıs ten`gesin taptı. Moneta aversindegi legenda «Chji-dao Yuan` bao» («Chji-dao basqarıw erası ten`gesi», 995-997-jıllar) degen mag`lıwmat beredi (Xojaniyazov, 2011), Qıtaydın` celadon ıdısı, balıq, a`ydarha su`wretli bronza (jez) aynalar (Kdırniyazov, 2000), minay, lyustra gu`zesi, kauri baqanshag`ı (İndiya) tag`ı basqada buyımlar ushırasadı (Kdırniyazov, 2006).

Arxeologiyalıq izertlewler juwmag`ı Mizdaxkan qalası turg`ınları import tovarların qabıllaw menen birge sırtqı sawdag`a o`z o`nimlerin shıg`arg`anın da`lilleydi. Mizdaxkannın` sawda-o`nermentshilik maha`llelerinde ashılg`an vino,

may, shiyshesazlıq, gulalshılıq, mısgerlik terini qayta islew ustaxanalarında tayarlang`an o`nimler sawda aynalısına tu`sken. Usı jerde islenip shıg`ılg`an a`piwayı, biraq joqarg`ı talg`am menen bezelgen sırsız keramika u`lgileri (gu`ze, tostag`anlar) Batıs Qazaqstan (Sarayshıq), Altın Orda paytaxtı al Maxrusa (Saray), Azov (Qara ten`iz boyı) qalasında arxeologiyalıq qazıwlar waqtında tabılg`an (Kdırniyazov, 2002).

Aral boyı Xorezm oazisinin` qa`dimgi ha`m orta a`sirlerdegi Jipek jolında jaylasqan qalalarının` biri **Xiywa qalası** boldı. Xiywa jazba dereklerde «Xivak», «Xiywa» atları menen belgili. Xorezm tsivilizatsiya oshaqlarının` biri Xiywa Buxara, Termiz qalası ta`rizli XXV a`sirlik tariyxqa iye. Ullı Jipek jolı boyındag`ı Xorezm qalalarının` biri. Qala b.e.b. VI-V a`a`. qa`liplesip, antik, orta a`sirlerde iri elat. X-a`sirdin` 30 – jılları Xiywa Xorezmnin` 13 qalasının` biri bolsa, al 982 - jılı iri 33 elat qalasının` qatarında jazba dereklerde Jipek jolı boyındag`ı sha`ha`r retinde ushırasadı.

Topografiyalıq belgisine qaray Xiywa: İshan qala (ishki) ha`m Dishan qala (sırtqı) dep ekige bo`linedi. Qa`dimgi da`wirde ha`m orta a`sirlerde qala turmısı İshan-qalada o`tken, maydanı 26 ga. Tariyxıy-geografiyalıq a`debiyatlarda qalanın` tariyxıy topografiyalıq jag`dayı, qorg`an diywalları, Juma meshiti, Xeykenik kanalı, Xivak qudıg`ı, mazarlar haqqında aytıladı. Arxeologiyalıq qazıwlar qalanın` antik, xorezmshaxlar, mongollar, temuriyler zamanı ha`m son`g`ı da`wirdin` ma`deniy qatlamların ashtı. XI-XII-a`a`. Xiywanın` ma`deniy, ekonomikalıq turmısı ha`zirgi Paluan da`rwaza, Aq-Meshit ha`m U`sh auliye dep atalg`an orınlarında rawajlang`an. XIII-XIV-a`a`. qalanın` ma`deniy jag`dayın monumental` xarakterdegi qurılıslar tolıqtıradı. Olarg`a Seyid Alauaddin` XIV-a`sir aqırında qurılg`an maqbara tiyisli. Mavzoley do`gereginde arxeologiyalıq jumıslarda oyma nag`ıslı terrakotalar, ko`k ren`li qashan plitkaları, ganch bezewlerin, jaqsı saqlang`an sır astına salıng`an o`simlik ha`m epitafika xarakterindegi rel`efli nag`ıslı plitalar tabılg`an. Arxeologiyalıq izertlewler bul qalanın` qa`liplesiw tariyxı XXV a`sirge ten` ekenligin da`lilleydi. Xiywa qalasının` payda bolıw tariyxın anıqlap, ilimge bahalı jan`alıq engizgen qaraqalpaqstanlı arxeolog M. M. Mambetullaev esaplanadı. İlimpazdın` basshılıg`ındag`ı 1984-1990-jıllar Xiywa qalasındag`ı qazıw jumısları qalanın` qa`liplesiwine e.b. VI-asir aqırı V-a`sir basında tiykar salıng`anın anıqladı. Qala eki bo`limnen quralg`an (İshan qala, Dishan qala). Xiywa 1557-1920-jıllar ra`smiy tu`rde Xiywa xanlarının` paytaxtı boldı. Professor M. M. Mambetullaevtın` 1984-1988-jılları Xiywa qalasındag`ı qazıwları waqtında 248 dana shag`atay ha`m temuriylerdin` miri, ten`ge aqsha birlikleri tabıldı. Olardın` 63,67 % 158 dana) Samarkand qalasında zarb etilgen bolıp qalg`anları Azerbayjan, İran, İrak, Dag`stannın` jigirma qalasında

Temuriyler atınan shıg`arılg`an (Mambetullaev, Xojaniyazov, 2004). Bul qalalar (Ardebil, Bag`dad, Shıraz, Sultaniya, Kashan ha`m t.b) a`sirler dawamında Ullı Jipek jolı o`tken sawda-o`nermentshilik orayları bolg`an.

Tu`slik Aral, Xorezm oazisi elatlarının` siyasiy turmısı, ekonomikası, ma`deniyatı ha`m sawda baylanıslarının` rawajlanıwına oraylıq zonada jaylasqan qalalar menen qatar Qara-qum, Qızıl-qum ha`m U`stirt dalalarına shegaralas qalalardın` da ornı, a`hmiyeti u`lken bolg`an. Olar shegara qorg`anları menen birge ko`shpeli dala, basqa ma`mleketler menen bolg`an qatnasta qonım jayları, azıq-awqat penen ta`miynlewshi, baj salıg`ı o`ndiriwdi qadag`alawshı orın boldı. Bul esteliklerdin` topografiyalıq jaylasıwı olardın` sawda da`rbentinde, transkontinental`, regionlar aralıq sawda jolları boyında ornalasqanın ko`rsetedi.

Usınday shegara qalalardın` biri Go`ne-Urgenishtin` Qubla-batısında 30 km. qashıqlıqta jaylasqan antik ha`m orta a`sir **qalası Shax-Sanem** esaplanıladı. Estelik orta a`sir avtorlarında ushırasatug`ın Suburna urbotoponimi menen baylanıstırıladı. Suburna jo`ninde al Yakut Xamaviy, ibn al Asir, Djuveyni kısqasha mag`lıwmatlar bergen. Al Yakut «Mudjam al Buldam» shıg`armasında «Suburna – Xorezm oblastındag`ı qalasha, bul onın` (Xorezm-*G.A*) Shaxristan ta`reptegi shegarası» - dep onı sawda jolı menen baylanısqan shegara qalası ekenin ayrıqsha atap ko`rsetken. Shax- Sanem esteligi 1952-jıl Yu.A.Rapoport basshılıg`ında Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası ta`repinen izertlendi (1958). Qala territoriyasında orta a`sir qurılıslarınan Juma meshiti, bag`-park kompleksi ha`m sawda qatnaslarına baylanıslı tabılmalar ashılg`an. Olardan xorezmshax Muxammed ibn Tekesh (1200-1220) ten`gesi, lyustra o`nimleri (İran) ha`m Orta Shıg`ıs ellerinen kelgen bronza qazan bolıp, bul tabılmalar tovar-aqsha, sawda qatnaslarının` izertlew ob`ektlerine jatadı.

Jipek jolı ta`sirinde qa`liplesken Tu`slik Aral boyı qalalarının` biri **Shemaxa qala**. Jazba dereklerde qala Zamdjan («Bab at tyurk» - «Tyurkler da`rwazası»), Qumkent atları menen belgili. Estelik Go`ne-Urgenish qalasının` batısında 50 km qashıqlıqta U`stirt ken`isligine ko`teriletug`ın sawda jolı da`rbentinde jaylasqan. İsenimli lokalizatsiyalanıwı boyınsha 922-jıl İbn Fadlan u`stinen o`tken «Bab at-tyurk» («Turkler daruazası») qala - qonısı menen baylanıstırıladı. Qala XII-XV a`sirler Xorezmnin` iri sawda, o`nermentshilik orayı bolg`an (Vakturskaya, 1958). Birinshi ma`rtebe Shemaxa qala Xorezm ekspeditsiyası ta`repinen 1947- jıl tabılg`an ha`m izertlengen. 1948-jıldın` jazında ekspeditsiya S. P. Tolstov basshılıg`ında ol jerde qazılma jumısların alıp barg`an ha`m onın` pikirinshe bul qala orta a`sir jazba dereklerinde «Tersek» ataması menen ko`rsetilgen.

O`zinin` jaylasıwı boyınsha qala ten` eki bo`lekke bo`lingen. Onın` bir bo`leginde tuwrı mu`yeshte bir-biri menen kesilisken ko`shelerden ha`m ortasında turg`an meshitten ibarat bolıp, Orta Aziyanın` orta a`sirlerdegi qalalarına uqsas bolıp kelgen. Da`slebinde qala bekkem diywal menen qorshalg`an. Diywalında jartı minaralar bolg`an. Diywal a`lle qashan-aq qıyratılg`an bolıp, onın` tek diywaldag`ı minaraları o`zinin` da`slepki biyikliginde saqlanıp qalg`an. Shemaxa qalanın` ekinshi, shetki bo`legindegi qurılıstı kerisinshe alıp barmag`an, ol shaması stixiyalıq tu`rde salıng`an ha`m bekkemlenbegen bolg`an ha`m Altın Orda da`wirinin` qalalarına uqsas belgini bildiredi. İzertlewshilerdin` pikirinshe Altın Orda ma`mleketi qalanın` qa`wipsizligin ta`miyinlegen, sol ushında qala diywalları o`zinin` tiykarg`ı qorg`an rolin joyıtqan ha`m onı qayta tiklemegen. Xorezm ekspeditsiyası ta`repinen Shemaxa qalasının` izertleniwi, onın` o`z da`wirinde Xorezmdegi en` iri sawda ha`m o`nermentshilik orayının` biri bolg`anlıg`ın belgilep berdi. Ol jerde keramikalıq, temir basqa o`nermentshilik qaldıqları bar o`ndirislik kvartallar tabılg`an. Shemaxa qalası tek Altın Orda ma`mleketi aymag`ındag`ı emes, al Orta Aziya, İran, Alıs Shıg`ıs ma`mleketleri h.b. menen sawda qatnasıqların alıp barg`an.

Qazılma jumıs waqtında tabılg`an zatlardın` ko`pshiligi keramikadan ibarat. O`z sapası boyınsha bir neshe gruppag`a bo`linedi. Birinshi gruppag`a bir ren`degi boyaw menen sırlag`an ıdıs fragmentleri, jasıl ıdıslar, (geyde olar grafirovka menen bezelgen bolsada) ren`siz, toyg`ın sarg`ısh, qon`ır ha`m jasıl menen, jasıllaw angablı, ıdıs fragmentleri kiredi. Bul jerdegi ma`deniy qabatlarda ushırasqan seladon, kobal`t (Qıtay), lyustra, minay (İran) ren`li ıdıslar menen qatar sırsız, qızıl ren`li jıltıratıp, sayqallang`an ıdıslar ko`plep ushırasadı. Olar Volga boyı qalalarına ta`n. Usı tabılmalar ha`m usı jerden jıynalg`an Altın Orda xanları ten`geleri (O`zbek – 1313 - 1340, Djanibek – 1340 - 1347, Kul`pa - 1359, Xızır – 1359 – 1361 -jj) ha`m aq qayın` oramları Shemaxa qalanın` ekonomikalıq baylanısları Qıtay, Arab elleri, Maverannaxr, Volga boyı u`lkeleri menen bolg`anınan derek beredi (Kdırniyazov. 1995).

**Da`w Kesken (Vazir) qalası** antik da`wirdegi qonıslar u`stine salıng`an orta a`sirdegi qala ma`deniyatının` u`lgisi esaplanadı. Bul jerde rawajlang`an orta a`sirde, keshki feodalizm zamanın da ha`m qala ma`deniyatı rawajlandı. Da`wkesken-Vazir birinshi ret jazba dereklerde Temuriy Xuseyn Bayqaranın` a`skeriy islerine baylanıslı XV-a`sirdin` ortalarında eske tu`siriledi. Son`ınan bul qala Sheybaniylerdin` Xorezmdi basıp alıwına baylanıslı jazba dereklerde ushırasadı. Angliya sawdageri Antonio Djenkinsonda bul qalada 1558-jıl bolg`an. Ol Vazirde Xajım xang`a Moskva imperatorı isenim gramotasın tapsırg`an. Da`wkesken haqkında Xiywa xronikleri

(XVII-XIX-a`a`.) tariyxshı Abulgazi xan, Munis ha`m Agaxiy shıg`armalarında mag`lıwmatlar bar. XX-a`sirde bul estelikti Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası xızmetkerleri bir neshe ma`rte izertleydi. İzertlewler juwmag`ı boyınsha S.P.Tolstov estelikti
III-IV ha`m XV-XII-a`sirlerge tiyisli dep belgileydi. Al arxeolog, akademik Ya.G.G`ulamov bul estelikti eramızdın` baslarında qa`liplesken degen pikirdi aytadı. Keyingi jılları qaraqalpaq arxeologları da bul estelikti izertledi. İzertlewler waqtında esteliktin` planı, jay qaldıqları, maqbara estelikler, diywallardın` su`wret, sızılmaları anıqlandı (Xojaniyazov, Xakimniyazov, 1993).

Ha`zirgi waqıtta Da`wkesken Vazir esteligi ulıwma ju`z gektarg`a shamalas jerde ornalasqan eki bo`limnen turg`an qala esteligi. Qala u`stindegi bu`gingi saqlang`an qurılıslar keshki orta a`sirlerge tiyisli. U`stirt shın`ının` u`stine ornalasqan tiykarg`ı qala diywalları, orta a`sir maqbaraları, qudıq, ark-tsitadel` ha`m tag`ı basqalar o`z sawlatın bu`gingi ku`ni de joyıtpag`an. Saqlang`an qurılıslar negizinde joqarıdag`ı tiykarg`ı qala, to`mengi qala, bag`-park kompleksi, suwg`arıw sisteması ha`m nekropol` (qoyımshılıq) dep bo`liw mu`mkin. Olardın` xronologiyalıq shegarası XV-XVI-a`sirlerge tuwra keledi. Usı keshki orta a`sirler zamanında batıs Aral boylarında jan`a qalalar qa`liplesedi. Olar Adak, Yangi Shexr, Tersek ha`m Vazir. Da`wkesken Vazir usı ekonomikalıq rayonnın` siyasiy adminstrativlik orayına aynaladı.

Arxeologiyalıq mag`lıwmatlar boyınsha qala sırt jurtlar atap aytqanda Buxara (1580-1596), Balx (1558-1581), Hisar, Termiz, Qundız (1501-1502, Samarkand (XIV-XV-a`a`.) qalaları menen ekonomikalıq baylanısta bolg`an. Bul haqqında ol jerlerden a`kelingen ten`geler derek beredi.

**Puljay qalası.** Puljay esteligi Qon`ırat rayonı Elabad qonısının` arqa-shıg`ıs ta`repinde 12 km qashıqlıqta U`stirt tumsıg`ı ha`m og`an jaqın to`mendegi tegislikte jaylasqan bolıp, u`sh bo`limnen turadı. Estelik territoriyası U`stirt jarlıg`ının` shetinde
IX-X a`sirlerde qurılg`an qorg`an, al to`mende 100 ga aslam qorshalıp bekkemlenbegen qala-qonısı ha`m 30 ga maydanda jaylasqan nekropol`dan (qa`brstanlıq) turadı. Qorg`an jaylasqan terrassadan joqarı biyiklikte qarawıl (gu`zetiw) minarı ha`m baj xana ornı jaylasqan. Yag`nıy Puljay u`lken arxeologiyalıq kompleksti quraydı. Puljay jergilikli xalıq awzında «Jez kempir» atı menen de belgili. Esteliktin` bunday atalıwına awız eki ədebiyattag`ı əpsanada sebepker. Esteliktin` jaylasıw topografiyası Da`wkesken qorg`anın qaytalaydı. Puljayg`ada Da`wkesken sıyaqlı U`stirt u`stindegi «joqarg`ı qala», pa`sliktegi «to`mengi qala» sıyaqlı

planigrafiyalıq du`zilis ta`n. Estelikte XX a`sir 50–60 - jılları S.P.Tolstov Ya.G`.G`ulamov, V.N.Yagodin, 2004-jılda N.Borovka (Germaniya), T.Shirinov, S.Baratov (O`zbekistan) ha`m t.b. tərepinen baqlawlar alıp barıldı. Biraq turaqlı arxeologiyalıq qazıw jumısları 2005-jılı t.i.d, professor M.-Sh.Qdırniyazov basshılıg`ında QMU arxeolog izertlewshileri ta`repinen baslandı (Kdırniyazov M.-Sh, İskenderova A.J, Turoganov B. Kdırniyazov O.-Sh., 2013; Kdırniyazov, 2011).

Puljay - «Djit», «Git» urbotoponimleri menen arab-parsı jazba dereklerinde eske tu`siriledi (X -əsir avtorları İbn Fadlan, al İstaxri, al Makdisi mag`lıwmatları). Puljay qalası əhmiyetli kərwan joldın` boyında jaylasıp, sawda-satıq baylanısında kərwan saray wazıypasında atqarg`an. İbn Fadlan da`wirinde U`stirt ken`isligi ha`m Qubla Aral jerlerinde ko`p sanlı tyurk qa`wimleri kelip ornalasqan. Olardın` arxeologiyalıq estelikleri: qonıslar (Qulanlı, Jan`a kent, Sarlıtam), qa`biristan qorg`anlarınan (Jarınqudıq, Qazg`an, Aqshu`ngil) jaqsı izertlengen. Bulardan toplang`an mag`lıwmatlar otırıqshı, qala ma`deniyatı ha`m ko`shpeli dala qa`wimleri arasındag`ı ma`deniy qatnaslar, migratsiyalıq ha`m etnikalıq jag`daylardı u`yreniwge jərdemlesedi. Puljaydag`ı aldıng`ı ha`m son`g`ı izertlewler juwmag`ı otırıqshı qala ma`deniyatı ha`m ko`shpeli dala tsivilizatsiyası arasındag`ı ma`deniy baylanıstı izertlewge mu`mkinshilik beredi. Atap aytqanda Puljayda 2012-jıl İbn Fadlan zamanına say ka`rwan saray (IX-X a`sir), turar-jay (Altın Orda da`wiri) ha`m islam dinin qabıl etken ko`shpeli qa`wim wa`kili maqbarası izertlendi (XIII-XIV-a`a`). Puljay ka`rwan sarayı Ystirt estelikleri shınjırındag`ı qala aymag`ında ashılg`an birinshi sawda ornı.

Tu`slik Aral boyı, Qaraqalpaqstan respublikasının` arqasında, erte orta a`sirdegi ma`mleket tipindegi birikpe **Kerder aymag`ındag`ı Kuyik qala** (Shımbay) esteliginen 1997-jıl Vizantiya imperatorı Tiveriy III (698-705) altın solid ten`gesi indikatsiyası tabılıwı qaraqalpaqlardın` ata-ma`kan jerleri Kerder qalalarının`da Jipek jolı arqalı sırtqı du`n`ya menen sawda baylanısların alıp barg`anlıg`ın ko`rsetedi (Mambetullaev, 1999).

Ullı Jipek jolı o`tken Xorezm qalalarının` biri Sırdar`ya boyındag`ı Jent qalası esaplanadı. Jamaladdin Qarshi (1230 - jıl tuwılg`an) ko`rsetiuinshe bul qala mong`ollar bu`lginshiliginen zıyan ko`rsede «sawdagerler ko`plep keletug`ın bazarı bar paydalı orın bolg`an» (Materialı, 1988).

Solay etip, Jipek jolının` Aral boyı, Xorezm alabı qalalarına ta`sirin ayırım esteliklerdegi mısallar boyınsha izertlewge ha`reket ettik. Sawda jolının` Xorezm elatları ma`deniy-ekonomikalıq jag`daylarına unamlı ta`sirin florentsiyalı sawdager F. B. Pegolottinin` «Aziyanın` tu`pkirine barıw sha`rt emes, sebebi Urgenishte

Evropa bazarların qızıqtıratug`ın barlıq tovarlar tabıw mu`mkin» - degen pikiri tastıyıqlaydı. İbn Arabshaxtın` (1389-1450) «Xorezmnen shıqqan sawda ka`rwanları u`sh ay dawamında qa`wip-qa`tersiz Qırımg`a deyingi aralıqta arbada baradı»- degen mag`lıwmatı pikirlerdi isenimli juwmaqlaydı.

Arxeologiyalıq izertlewler Qubla Aral boyında qa`dimnen rawajlang`an suwg`arma diyxanshılıq ta`jiriybeleri orta a`sirlerde joqarı da`rejede paydalanılg`anın ko`rsetedi. Jazba dereklerdegi mag`lıwmatlar bul jerde da`n jetistiriw, palızshılıq tarmaqları rawajlang`anın da`lilleydi. Jipek jolı boyında yaki onın` ishki regionallıq tarmaqlarında jaylasqan qalalar awıl xojalıg`ı, mal sharwashılıq o`nimlerin (boranj qawını, g`arbız, ju`zim kishmishi, jipek pillesi, kamka, qamarı terisi, balıq) tayarlag`an. Texnik eginlerden paxta, zıg`ır egilgen. Bul diyxanshılıq mag`lıwmatları ishki ıqtiyajlardan basqa qon`sı sharwalarg`a, ha`tteki basqa ma`mleketlerge, sırtqı bazarlarg`a shıg`arılıp satılg`an. Ullı Jipek jolı a`sirler dawamında Aral boyı, Xorezm elatlarınan o`tiw sebeplerinin` biri bul jerdegi o`nermentshilik potentsialının` joqarı bolıwı edi. Al Kurayshiy (XIII-a`.) mag`lıwmatı boyınsha Xorezmde 50 aslam qa`nigelestirilgen o`nermentshilik tu`rleri bolg`an. Tayarlang`an o`nimlerdin` ko`pshiligi sapalı bazarbap tayarlandı. Xorezm hu`kimdarlarının` aktiv qollawı menen bul o`timli sawda malları eksportqa shıg`arıldı. At ulaw a`njamların (altın suwı jalatqan juen, er-turman, ko`pshik (al Makdisi, an Nuveyri, Abdizaxr), ku`shli adamlar g`ana tarta alatug`ın oq jaylar (al Makdisi, Antonio Djenkinson), hasıl taslar - feruza, serdolik (ibn Mansur) sırtqı sawdag`a shıg`arılg`anlıg`ı aytıladı. Arxeologiyalıq, geologiyalıq izertlewler Sultan Uais, Qarataw aralarında qa`dimnen o`ndiriske kerekli bolg`an shiyki zat: mıs, gu`mis, tas ka`nlerinin` paydalang`anın da`lilleydi. Qubla Aral boyında qa`liplesken qalalar, ma`mleketshilik birikpeler qon`sı dala qa`wimleri menen tatıw jasap, ma`deniy qatnaslardı ju`rgizgen. Bul joqarıda so`z etken qubılıslar usı a`tiraptan o`tken sawda jollarının` rawajlanıwına u`lken ta`sir jasag`an. Jergilikli adminstratsiya, ha`kimshilikler sawda qatnasların rawajlandırıwg`a ma`pdar boldı. Bul jag`daydı Aral boylarınan o`tken Jipek jolı boyındag`ı bu`gingi ku`nge deyin izleri saqlang`an kommunikatsiyalıq qurılıslar da`lilleydi.

## Sawda jolları ha`m kommunikatsiyalıq qurılıslar

Joqarıda ko`rip shıg`ılg`an jazba derekler Aral boyı jerlerinin` jer-suw resursları, taw ka`n qazılma baylıqlarına, awıl xojalıq o`nimlerine, o`nermentshilik potentsialı, aqıl zakawatlı, bilimdan adamları, joqarı rawajlang`an ruwxiy du`n`yası menen Shıg`ıs ha`m Batıs ellerine belgili bolg`anın ko`rsetedi. Arab-parsı jazba dereklerinde ha`m Batıs Evropa annallarında basqa mag`lıwmatlar menen qatar orta a`sirdegi Aral

boyı, Xorezm alabı jerlerindegi kommunikatsiya (qatnas) sistemasının` barlıg`ın jazadı. Olar haqkında al İstaxri, ibn Xaukal, al Makdisi, ibn Battuta, Franchesko Pegolotti, al Yazdi ha`m tag`ı basqada mag`lıwmatları bar. Olar jergilikli ta`biyatı (klimat), qalalar jag`dayı, sawda malları, eldin` baylıg`ı, ha`r tu`rli grajdanlıq ha`m diniy qurılıslar, sawda jolları, ondag`ı ka`rwan saraylar, qudıqlar, suw qorları (sardoba), qonım jayları haqkında da jazg`an. İbn Xaukal («Kitab al mesalik va-l memalik», X-a`.), al Makdisi («Axsan at takasim fi-ma`rifat al –akalim», 985-1000-jj.), anonim avtor «Xudud al Alam» shıg`armasında (982-j.) Xorezm qalaları sawda jolında jaylasqan orınlar ekenligi aytılg`an. Al Makdisi: “Jurjan (Urgenish-G.A.) Xorosan ta`reptegi bas qala”, Zamaxshar, Jigerbent, Djaz, Djit (Puljay) arqalı “u`lken jol” (ka`rwan jolı-G.A.) o`tedi” –dep jazg`an (MİTT,1939). Keyingi a`sirlerde: xorezmshax-anushteginler (1097-1231), mongollar (1223-1388) ha`m temuriyler (1388-1505) da`wirinde Aral boyı, Xorezm alabındag`ı rawajlang`an sawda kommunikatsiyası bolg`anlıg`ı jazba ha`m arxeologiyalıq izertlewlerde tastıyqlanadı. Olar qatarında jergilikli qalalardı Maverannaxr arqalı Qıtay, Qaraqumnan o`tken trans magistral Qubla-batıstag`ı pers, arab elleri, İndiya ha`m Shıg`ıs Evropa menen tutastıratug`ın jollar bolg`an. Bul kommunikatsiyalar tariyxın izertlew XX-a`sir S.P.Tolstov basshılıg`ındag`ı Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası (1946-1948–jj.), M. E. Masson basshılıq etken Qubla Tu`rkmenistan arxeologiyalıq ekspeditsiyasının` (YuTAKE) XXIV marshrut otryadı (topar) 1952-1955-jj. Bul izertlewler aldın`g`ı baqlaw xarakterindegi izertlewler bolsada keleshekte ka`rwan jolları boyındag`ı qurılıslardı u`yreniwge negiz boldı. 1959-jıl du`zilgen O`zİA QQB arxeologiya sektorı (keyin “Arxeologiya” bo`limi) 1960-jıldan baslap Urge, Kiyajol, Shibindı, Puljay, Qarawımbet, Kiyajol usag`an U`stirt sawda jolı boyındag`ı qala, qorg`an, ka`rwan saraylar, signal bashnyalarında (qarawıl to`be) da`slepki baqlawlar alıp bardı. Keyin bul izertlewler 1970-1978-jılları Arxeologiya bo`limi ta`repinen dawam ettirildi. Na`tiyjede Qubla-batıs U`stirttegi Erburun, Shemaxa qaladan baslap Oraylıq U`stirttegi Sam qumı, Bereluli, Churuq ka`rwan sarayına (U`stirttin` Qazaqstan Respublikası ta`repi) deyingi 300 km aralıqdag`ı orta a`sir estelikleri izertlendi (Tolstov, 1948 b. Karta; Manılov, 1978, karta).

Bunday baqlaw xarakterindegi jumıslar Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası ilimiy xızmetkeri V.A. Loxovits ta`repinen Qubla Xorezmdi Maverannaxr menen tutasturatug`ın sawda jolı Qat-Qiyattan baslap Dul-dul atlag`an qısnag`ına deyin izertlendi. Bul jolda İshan rabad, Tash qala, Sartarash usag`an jan`a kommunikatsiya orınları anıqlandı (Loxovits, 1979; İtina, 1991).

Biraq bul izertlewlerde ka`rwan jolı boyı kommunikatsiyaları tolıq analizlenbedi. Jazba derekler, toplang`an materiallar sawda jolı boyı qurılısların izertlewge mu`mkinshilik beredi. Jazba derekler, arxeologiyalıq materiallar IX-X-a`sirlerge kelip Orta Aziya aymaqlarında tranzit, regionlar aralıq ha`m ishki jollar tarmag`ı qa`lipleskenin ko`rsetedi. Olardın` arasında Aral boyları elatları ushın tranzit magistralı a`xmiyetli boldı. Ertedegi orta a`sirden (VI-a`.) U`stirt, Tu`slik Aral boyı elatları arqalı «tyurklerden greklerge» barg`an sawda jolı ma`lim. Birinshi ko`shpeliler imperiyası Tyurk kag`anlıqlarının` du`ziliwi (VI-VII-a`a`.) Shıg`ıs, Batıs elleri arasındag`ı qatnaslardı jan`adan baslawg`a mu`mkinshilik berdi. Jipek sawdası qaytadan rawajlana basladı. Biraq Jipek jolı sawdasın İran ha`m Qıtay kontrol jasawg`a ha`reket etti, olar qon`sı eller menen urıslar alıp bardı. İran, Qıtay qısımına ushırag`an Tyurk kag`anlıg`ı batıstag`ı Vizantiyadan awqamlas izledi. Na`tiyjede 568-jılı kag`an «sog`da sawdegerlerinin` basshısı» Meniax basqarg`an elshiler toparın Yustinian II (565-578) sarayına jiberdi. Sol jılı imperator Zemarx basshılıg`ındag`ı elshilerdi kag`an ordasına jo`neltken. Elshiler menen batısqa aparılg`an sawg`alar arasında jipekte bolg`an. Bul waqıtta To`mengi Volga, arqa-batıs Kaspiy boyı dalasında yarım otırıqshı ko`shpelilerden quralg`an Xazar qag`anatlıg`ı qa`liplesti (VII-X- a`a`.). Onın` paytaxtı Samender, İtil` qalaları Evraziyanın` «Dala jolı», «Jipek jolları» nın` tutasqan da`rbentinde to`mengi Volga, Kaspiy jag`asında jaylastı. Bul og`an ko`p mug`darda baj salıqların o`ndiriwge, baylıq toplawg`a, Shıg`ıs Evropa ellerinin` siyasiy turmısına aralasıwg`a mu`mkinshilik bergen. Na`tiyjede Qıtay, Altay dalalarınan baslang`an sawda jolının` bir tarmag`ı Orta Aziya, Xorezm, U`stirt arqalı o`tip Ullı Jipek jolının` qaytadan qa`liplesip, rawajlanıwına jag`day jasadı.

Xazar qag`anlıg`ı Xorezm arqalı Orta Aziya elatları menen ma`deniy qatnaslardı alıp bardı. Qag`anlıqtın` saylandı gvardiyası quramında 12 000 xorezmli a`sker xızmet etken (al Arsitya). Olardan basqa Qubla Aral boylarınan ko`ship barg`an sawdagerler, ruxaniylar, o`nermentler (ja`mi kolonistler) xazarlardın` paytaxtlarında jasadı.

Xorezm-Xazar qatnasları Jipek jolındag`ı Tu`slik Aral boyında, U`stirtke kon`sılas jaylasqan jan`a qalalardın` payda bolıwına alıp keldi. Karaqalpaqstanlı arxeologlar U`stirt chinkları, dala tegisliklerinde belgili aralıqta jaylasqan qala qorg`anlar: Shemaxa qala- Kulanlı- kishi ha`m u`lken Aybuyir qala-Topıraq qala (Kon`rat)- Puljay-Qarawımbet-Ajibay-Qorg`ansha (Davletgirey)-Duana ha`m basqa da ka`rwanlarg`a xızmet etetug`ın kommunikatsiya nuqtoların anıqladı, da`slepki izertlewlerdi alıp bardı. Olar erte orta a`sirlerdegi Shıg`ıs Evropag`a baratug`ın sawda

jolı boyında jaylastı (Manılov, 1978, karta). Bul jol VII-X a`sirden baslap xorezmlilerdin` Shıg`ıs Evropa menen sawda qatnasının` aktivleskenin ko`rsetedi. Bul trassa a`sirese mamuniyler (IX-X-a`a`.), anushteginler (XI-XIII-a`a`.), mongollar (XIII-XIV-a`a`,) ha`m Ullı Temuriyler (XIV-XV-a`a`.) zamanında o`zinin` a`hmiyetin joytpadı, Ullı Jipek jolının` maqsetlerine muwapıq paydalanıldı. Bul joldan belgili sayaxatshılar, sawdagerler, ruwxaniy (piligrimler) ha`m elshiler ka`rwanlarg`a ilesip Batıstan Shıg`ısqa bardı (Plano Karpini 1242-j., Marko Polo sem`ya ag`zaları 1254, 1271-jj., ibn Battuta 1333-j.). Usı joldın` rawajlanıwına ta`sir jasag`an ja`ne bir qubılıs Shıg`ıs Evropada musulmanlar ma`mleketi Volga boyı Bulgariyasının` qa`liplesiwi boldı (X-XIV-a`a`.). Bul ma`mlekettin` islamlasqan xalqı, bay shiyki zat zaxiraları, shıg`arg`an o`nimleri, onın` rawajlang`an Bulgar, Suvar, Bilyar atlı qalaları sawda jolları boyında jaylasıp Shıg`ıs, Batıs ellerinen sawdagerlerdi o`zine tarttı. Olar Tu`slik Aral boyı qalaları arqalı İran, İrak ha`m basqa da Arab elleri menen sawda qatnasların ju`rgizdi. Usı jol Xorezmnen Qubla shıg`ıstag`ı Maverannaxr (Buxara, Samarkand), Shıg`ıs Turkestan (Almalıq-Almalekko) qalaları arqalı Qıtay menen tutastı. Ulıwma bul sawda qatnası Aral boyı, Xorezm alabı elatlarının` Jipek jolındag`ı ma`deniyat ha`m ekonomikadag`ı potentsiallıq jag`dayının` joqarı bolg`anın ko`rsetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikası arxeologlarının` U`stirt ken`isligindegi izertlew jumısları arab-parsı, Evropa dereklerinin` mag`lıwmatların tastıyıqlaydı. U`stirtte ka`rwan saraylar, jol boyı qurılısları (signal`nıe bashni), qudıq, sardobalar ashılg`an. Oraylıq U`stirttegi ka`rwan jolında bir-birinen 25-50 km aralıqta jaylasqan Ushqudıq, Ajigeldi, Qosbulaq, Beleuli, Shurıq ha`m t.b qonım jayları anıqlandı (Manılov, 1982). Bul ka`rwan saraylar chink boylap, Aral ten`izin jag`alap ketken ertedegi ka`rwan-saraylardan ko`leminin` u`lkenligi, qorg`an diywallarında jaylasqan minarlar, eki qabatlı bo`lmelerdi baylanıstırg`an lestnitsaları menen ajıralıp turadı. Bul belgiler jazba dereklerdegi fortifikatsiya (bekinis) elementleri bar rabatlarg`a uqsas.

Bunday diywal, bashnyalar menen bekkemlengen rabatlar Tuslik Aralda, U`stirt chinkları boylap X-a`sirden belgili. «Bizler al Jurjannan (Urgenish-*G.A.*) shıg`ıp Zamjan dep atalg`an rabatta toqtadıq»- dep jazadı 922-jıl ibn Fadlan (Puteshestvie ibn Fadlana, 1956). Jazba dereklerde «rabat» termini jol boyındag`ı ka`rwan saray yaki qa`wip-qa`ter waqtında waqtınsha bekinetug`ın ha`m transportta paydalang`an o`giz, tu`yelerge o`t-sho`p, azıq-awqat jıynalg`an qurılısqa baylanıslı aytıladı. Bunnan basqa trassalar boylap kishkene «xana» lar (qonım jayı, ka`rwan saray), «marasid»-baj o`ndiretug`ın orınlar qurıldı. Son`g`ı qurılıs Puljay esteliginen ma`lim (Qdırniyazov, 2012).

Ka`rwan saraylarda ka`rwanlarg`a xızmet etetug`ın qudıq, sardoba, kar`erlar, qa`bristan (Beleuli) orınları bolg`an. Aral boyı, U`stirt ken`isligi o`zinin` qolaysız qattı klimatı menen belgili. Jazdag`ı ıssı, suwsızlıq, kıstın` qattı suwıqları ka`rwan saray qurıwshıların jawın, qaq suwları jıynalatug`ın oylı taqırlıqlar, samal esetug`ın tegislikler yaki biykliklerdi panalap sawda jolı kommunikatsiyaların qurıwg`a ma`jburledi. Bul haqqında arab geografiyalıq a`debiyatı, «jol ko`rsetkishlerde» (dorojniki) mag`lıwmatlar ushırasadı. Belewli ka`rwan sarayı 100 ga aslam bolg`an taqırlıq qaptalında jaylasqan. Onnan jıynalg`an jawın suwı arnawlı truba arqalı segiz sardobag`a jıynalg`an. Budan basqa usı jerde teren` to`rt qudıq ka`rwanlarg`a xızmet etken. A`lbette bunday quramalı sawda jolındag`ı kommunikatsiya qurılısları ma`mleketlik masshtabta sho`lkemlestirilgen, olarda ka`rwanlar qa`wip-qa`tersiz, artıqsha mashqalasız ha`reket etetug`ın bolg`an.

Kommunikatsiyalıq xızmetti sho`lkemlestiriw xalif Muktafi (902-908) zamanınan belgili. Xaliftın` pochta baslıg`ı Kudamanın` «Xaradj haqkında kitap» shıg`armasında «Pochta ushın ken`se kerek…ha`kim (xalif) ushın bul ken`se basqa jaqlarg`a a`sker yaki sawda ma`pi ushın ketetug`ın jollardı biliw kerek. Bizler ushın jer, turatug`ın orın atamaları, mil`, farsax esabı ha`m baylanıs ba`ndirgileri, suw menen ta`miyinlengenligi, joldın` qıyınshılıg`ı yaki an`satlıg`ı ha`m adamlar barlıg`ı ha`m basqada jag`daylardı biliw sha`rt»- degen mag`lıwmat qaldırg`an. Arab jol ko`rsetkishlerinde qalalar, qonım jayları atamaları menen qatar olar arasındag`ı qashıqlıq «farsax» (ortasha5,6- 6,2 km), «marxal» (bir ku`nlik jol- 6 yaki 6, 7 farsax) o`lshemleri menen berilgen. Samanidler kantselyariyasında (X - a`sir) «marasid» (bajxana) termini qollang`an. Son`g`ı a`sirlerde, jan`a da`wirde Aral boylarındag`ı xalıqlar jol o`lshemlerinde «ma`nzil» so`zin ko`birek paydalandı.

Aral boyı, Xorezm alabı elatlarının` sawda qatnaslarında trans-Qara-qum sawda jolının` a`hmiyeti ku`shli bolg`an. Bul trassa haqkında ha`m dallax Kazvini (XIV-a`.) tolıq mag`lıwmat beredi. XX-a`sir 50–60 - jılları S. P. Tolstov basshılıg`ındag`ı XAE ha`m M. E. Masson basqarg`an YuTAKE Xorezmnen shıqqan sawda jolının` Qaraqum trassasındag`ı eki bag`darın anıqladı. Bul trassanın` biri: Daw qala («Rabat-i Serxang»), Orta kuyu («Karavan–gax»), Talayxan ata («Rabati Tamgach») ha`m Ak Yayla ka`rwan sarayları arqalı Qubla Tu`rkmenistan (Arqa Xorosan), İrang`a ketken (Tolstov, 1958; Vishnevskaya, 1958). İzertlewler waqtında Talayxan ata, Ak yayla ka`rwan-sarayları janınan U`stirttegi Belewli ka`rwan sarayına uqsas kommunikatsiyalıq qurılıslar sardoba, suw trubalar sisteması, jawın suwı jıynalatug`ın u`lken taqırlıq izertlendi. Arxeologiyalıq materiallar boyınsha bul Qaraqum trassası XII-XIV-a`a`. ha`rekette bolg`an. Qara-qum sawda trassasının`

ekinshi bag`darı A`miwda`r`yanın` shep ag`asındag`ı Xorezm qala qonısları Dargan, Jigerbent, Sadvar, Xazarasp, Daya xatın, Ak rabad ha`m t.b. arqalı Tuslik Turkmenistan (Arqa Xorasan) qalaları, sawda orayları menen tutasqan (Masson, 1966, karta).

Aral boyı elatları qa`dim da`wirlerden Qat-Kiyat (Beruni) arqalı Buxara (Maverannaxr) qalaları menende sawda qatnasların alıp bardı. Bul sawda jolı orta a`sirlerde Shoraxannan baslanıp A`miwda`r`yanın` on` jag`asındag`ı Meshekli (Miskin), Topıraq-qala, Sartarash, Qız-qala qorg`anınan arı qaray Farabqa shıqtı. Ullı Xorezmshaxlar zamanında (XI-XIII–a`a`.) bul jolda abadanlastırıw isleri alıp barılg`an, quramalı kommunikatsiya qurılısları tiklendi (Tolstov, 1948 a, s.167). Temuriyler da`wiri dereklerinde bul jol «Se-poya» ataması menen belgili. Basqa bag`dardag`ı sawda jolına qarag`anda bul trassa a`sirler dawamında ha`rekette bolg`an, Xorezm-Maverannaxr jerlerinin` ma`deniy qatnasların ta`miynlewde a`hmiyetli orın tutqan. Bul haqkında mongollar ha`m temuriyler da`wirindegi jazba mag`lıwmatlar derek beredi (ibn Battuta, Shami, al Yazdi).

Solay etip, biz joqarıda Aral boyı, Xorezm alabının` qurg`aqlıqtag`ı sawda jolı boyı qurılıslarına toqtadıq. Qa`dimgi da`wirden Aral boyı elatları sırtqı du`n`ya menen suw jolı menen de baylanıstı. Xorezmnin` sırt eller menen baylanısı Axemeniyler (e.b.VI-IV-a`a`.), grekler (e.b.V-IV-a`a`.) ha`m rimliler (e.b. I-II-a`a`.) zamanınan belgili. A`miwda`r`ya-Uzboy-Kaspiy-Kavkaz-Qara ten`iz suw jolı Strabon (e.b.63-24 jj.) mag`lıwmatlarında ushırasadı. Bul jolda paydalang`an suw transportı qa`dimnen Xorezmnin` o`zinde tayarlang`an. «Xorezmde ha`m Termizde kemeler qurıladı ha`m sog`ıladı» - dep mag`lıwmat bergen al Makdisi. Basqa bir arab sayaxatshısı ibn Battuta «Gurganj sırtınan Jeyxun ag`adı. Jazda odan kemelerde Termizge barıp arpa ha`m biyday a`keledi» dep jazadı (Akimniyazova, 2011; Kdırniyazov O.-Sh, Akimniyazova, 2010). Bul haqqında Besto`be petroglifleride derek beredi. Aral boyı sawda qatnaslarında qurg`aqta ha`m suw jolındag`ı kombinatsiyalı qatnas, ha`reket haqkında italiyalı sawdager F. B. Pegolotti (1342-j.) ha`m ingliz-rus sawda kompaniyası agenti A. Djenkinsonda (1558-j.) mag`lıwmat bergen. A`miwda`r`ya-Uzboy-Kaspiy bag`darındag`ı suw jolı haqqında temuriyler da`wiri tariyxnamasında da ushırasadı. Biraq suw jolındag`ı sawda ha`reketi A`miwda`r`yanın` gidrografiyalıq jag`dayına baylanıslı boldı.

Solay etip, jazba derekler, arxeologiyalıq qazıwlar Aral boyı elatları u`stinen qurg`aqtag`ı ha`m suw arqalı sawda jolları ha`rekette bolıp olar kommunikatsiyalıq kurılıslar menen abadanlas-tırılg`anın ko`remiz. Bul jag`day Ullı Jipek jolının` u`lkemiz aymag`ınan a`sirler dawamında ha`rekette bolıwın ta`miyinledi.

Jipek jolı boyında jaylasqan Aral boyı, Xorezm oazisi qalaları tek g`ana urbanizatsiya oshaqları bolıp qoymastan, transkontinental tranzit sawda jolındag`ı a`hmiyetli sawda orınları boldı. Bul qalalar o`zlerinin` geografiyalıq jaylasıwı, materiallıq ha`m intelektuallıq potentsialı menen Shıg`ıs tsivilizatsiyası jetiskenliklerine u`les qostı. Jipek jolı bag`darları negizinen a`sirler dawamında qa`liplesip rawajlang`an Orta Aziya qalaları (Tashkent, Samarkand, Buxara, Shaxrisabz, Merv, Xiywa, U`rgenish, Mizdaxkan ha`m t.b) arqalı o`tip antik da`wirde, orta a`sirlerde ekonomikalıq, ma`deniy bag`darlardag`ı urbanizatsiya jetiskenliklerine ta`sir jasadı. Jipek jolı o`tken qalalar o`nimleri (gezleme, zendanacha, chash qarıw-jarag`ı, serdolik, biryuza, bezewler, shiyshe t.b) Batıs, Shıg`ıs tsivilizatsiya oshaqlarına ma`lim boldı. Sawda jolları kommunikatsiyalıq qurılıslar menen bekkemlendi. Na`tiyjede Aral boyı xalıqları jetiskenlikleri antik da`wirden baslap Shıg`ıs tsivilizatsiya oshaqları menen bir qatarda du`n`ya ma`deniyatına o`z u`lesin qostı.

# III-BAP

# ULLI JİPEK JOLININ`, ARAL BOYI QALA URBANİZATsİYaSI TARİYXINDAG`I ORNI

## Ullı Jipek jolı ha`m Xorezm qalalarının` ekonomikası

Ullı Jipek jolı ha`m Xorezm qalalarının` ekonomikası, ma`deniy turmısı haqqında jazba derekler ha`m arxeologiyalıq qazıw juwmaqları mag`lıwmatlar beredi. Rawajlang`an orta a`sirlerde (X-XI-a`sir baslarında) A`miwda`r`yanın` to`mengi alabında oraylıq ha`m jaqın shıg`ıs Aziya jerlerindegi en` ku`shli siyasiy birikpelerdin` biri Xorezmshaxlar ma`mleketi du`zildi (1095-1231).

Xorezm ma`mleketi shaxlar Tekesh (1172-1199) ha`m Alaladdin Muxammed (1200-1220) da`wirinde siyasiy ha`m ekonomikalıq ko`teriliwdin` shegine jetti. Tariyxıy dereklerge qarag`anda Xorezmshaxlar ma`mleketi yadrosı Tu`slik Aral boyı, Xorezm oazisi bolg`an. Usı jerler İran, İndiya, Egipet, Rus`, Volga boyı Bolgariyası (X-XIV-a`a`.) menen ekonomikalıq ma`deniy baylanıstı alıp bardı. Son`g`ı xorezmshaxlar da`wirinde ju`rgizilgen basıp alıwshılıq urıslar xalıqtan o`ndirilgen salıqlar, sırtqı sawdadan ko`p g`a`ziyne toplandı. Ku`sh penen toplang`an bul baylıqlarg`a A`miwda`r`ya jag`aları ha`m shegaraları boylap ma`deniy eginshilik orayları, qorg`an bekinisler dizbegi, saraylar salıng`an.

Arxeo – topografiyalıq ha`m gidrografiyalıq izertlewler xorezmshaxlar zamanında eginshilik ma`deniyatının` jetekshi orayları ha`zirgi Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlarında jaylasqan degen juwmaq beredi. Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyasının` ilimiy xızmetkeri B.V.Andrianovtın` izertlewi boyınsha bronza a`sirinen baslang`an suwg`arıw sistemaları jetilistirip barılıp orta a`sirlerde Kelteminar, Gavxore kanalları boylap tıg`ız jaylasqan awıl qonısları, qorg`anlar egislik maydanları bolg`an. Bul jerdegi U`lken Qırıq qız, Qabat qala, Bu`rkit qala a`tiraplarında rawajlang`an awıl xojalıq ha`m suwg`arıw texnikası jetistirilgen. Usınday agroirrigatsiya qurılısları shep jag`ada, Sarıqamıs del`tasındag`ı Daudan, Da`r`yalıq, Uzboy suw tarmaqları boylarındada qa`liplesti. Ulıwma A`miwda`r`ya basseyninde egislikke qolay 4,5 mln. gektar jer bolıp, onın` 2 mln. gektarında arxeologlar eginshilik ma`deniyatı izlerin (eski atızlar, arıq-kanallar, turaq jay qonısları) anıqladı. İzertlewler juwmag`ı Aral boyındag`ı elatlar xalqı qa`dim zamannan gu`nji, ju`weri, arpa, biyday, tarı, salı, baw-baqsha, miywe o`nimlerin jetistirgen. Usı o`nimler jergilikli o`nermentshilik negizi bolg`an shiyki zat zaxiraları

menen birge ekonomikalıq turmıstın` rawajlanıwın ta`miynlegen. Bul rawajlanıw sawda qatnasları menen tıg`ız baylanıslı boldı.

Jazba derekler Aral boyı qalaları awıl xojalıg`ı menen baylanısta bolg`anın ko`rsetedi. Al İstaxri «Qas-Qıyat o`nimdarlı qala, onda azıq-awqat, miyweler, paxtadan, ju`nnen zatlar o`ndiriledi» dep jazadı. «Xudud al Alem» shıg`armasının` avtorı bolsa «Qat Xorezmnin` bas qalası, tyurk tovarları jıynalatug`ın jer. Ol jerden dastıq, sırlang`an shapan, paxta gezlemesi shetke shıg`arıladı» - degen mag`lıwmat qaldırg`an. Al Makdisidin` «Axsan at-takasim fi-marifat al-akalim» shıg`armasında «Xorezmde ju`zim, ko`p kishmish, pechen`e, gu`nji, ala shapanlar, qulıp, ko`rpe, a`jayıp parsha, mul`xam japqıshı, gilem, ren`li kiyim-kenshek, tek ku`shli adamlar g`ana tarta alatug`ın oq jay, ayrıqsha irimshik-uwız, balıq o`ndiriledi» delingen. Bul mag`lıwmatlar xorezmshax Mamuniyler zamanına da tiyisli.

Xorezmshaxlardın` siyasiy, ma`deniyat tarawındag`ı saltanatı shıg`ıstan kelgen Shıg`ıs xan basqarg`an basqınshı mongol a`skerleri ta`repinen XIII-a`sirdin` 20-jıllarında waqtınsha qıyratıldı. Degen menen paydaku`nemlik ma`plerin go`zlegen mongol xanları Xorezm qalaları u`stinen o`tetug`ın sawda jolı-Jipek jolınan paydalanıwg`a ma`jbu`r edi. Usı maqsette Jipek jolı boyındag`ı qalalar kaytadan janlandı. Bunı biz joqarıda ko`rip o`tken Gurganj, Shemaxa qala, Puljay, Mizdaxkan, Janpık qala, Qyat, Qabat qala da tabılg`an arxeologiyalıq materiallar mısalınan bilemiz. A`lbette bulardan basqa da Jipek jolı boyında qalalar bolg`an. Bul ertedegi mag`lıwmatlar keyingi dereklerde tolıqtırıladı. XIII-XIV-a`sirler avtorlarınan Yakut al Xamaviy, ibn Battuta, al Omariler Aral boyı elatlarının` jaylasıwı, ekonomikalıq turmısı jo`ninde bahalı mag`lıwmatlar beredi. Al Yakut «men du`n`yanın` hesh bir mu`yeshinde xorezmlilerdikindey ken` ha`m tıg`ız jaylasqan jerdi ko`rmedim. Xorezmnin` ko`pshilik awılları bazarları, sawda lavkaları ha`m turmısqa kerekli zatları bar qalalar» -dep jazadı. Al Omari olardın` ku`n-ko`risi «biyday, arpa, tarı, ju`weri, lobiyag`a baylanıslı, olar ratl` (funt yaki 330 xorezm dirxem awırlıg`ı), mann (1187,85 gr.) boyınsha satıladı» - degen mag`lıwmat qaldırg`an (Kdırniyazov,1999). Abulg`azi Baxadur xan (1603-1664) «Shajra-i tyurk» shıg`armasında «Mizdaxkannan Kaygun aralıg`ı ju`zimzarlıqlar, eginzar, bag`lar ha`m terekler menen ba`nt» ligin aytıp o`tedi.

Aral boyı qalaları ekonomikası haqkındag`ı mag`lıwmatlar arxeologiyalıq izertlewler juwmag`ı menen tastıyıqlanadı. O`nermentshiliktin` ayırım tu`rleri tez arada qayta tiklenip, rawajlanıwın dawam etti. A`sirese bul da`wirde zergershilik o`niminin` belgileri qola aynalar, soraw ta`rizli sırg`alar ko`p taradı. Bul o`nimler to`mengi Volga boyı qalaları, dala qıpshaq qa`wimleri qa`birlerinde ushırasadı.

Jergilikli qalalardın` ekonomikasına ta`sir jasag`an faktorlardın` biri bul usı jerde Sultan Uais, Qaratawdag`ı taw-ka`n baylıqları o`nimleri boldı. XIII-a`sirde jazg`an arab avtorı ibn Mansur «Xorezm, Kerman, Nishaburdan biryuza (feruza) sırtqa shıg`arıladı»-dep jazg`an. Gruzin xalqının` odashıl shayırı İoane Shavteli (XIII-a`.) o`zinin` «Abdul Messiya» (Xristos qulı) poemasında xorezm serdolik bezewin atap o`tken. Sultanuizdag biryuzası armyanlardın` qaharmanlıq dastanlarında da ushırasadı. Arab tariyxshısı al Omari «Ol jerde (Sultanuizdag-G.A.) tas o`ndiretug`ın taw bar. Ondag`ı tayarlang`an tas qazanlar 60 jıl buzılmay saqlanadı» degen mag`lıwmat qaldırg`an. Bul tal`koxlorit (steatit) tası bolıp onnan Jampıq kala ustaxanalarında tayarlandı. Areologiyalıq qazıw waqtında usı jerden ko`p sanlı talkoxlorit o`nimleri, yarım tayar – polufabrikat buyımlar, qazan, bezewler (monshaq, bilezik, ju`zik, sırg`a, ha`ykel qasları), ta`rezi tasları, taxtayshalar, shıraq t.b. tabılg`an (Kdırniyazov, 1986). Bul o`nimlerdin` a`jayıp u`lgilerinen talkoxlorittan jasalg`an qazanlar Aral boyı qalalarınan basqa Paykend (Buxara), Sairam (Shımkent okrugi), Janakent (Jent), Shagrenovıy bugor, Astraxan`, Saray Berke, Madjar (Arqa Kavkaz), Qrımda ha`m Kiev qalasında tabılg`an. İzertlewshiler olardın` Aral boyı qalalarınan aparılg`anın jazadı.

XIV-a`sirde batıs Evropalı sawdagerler jan`a bazarlar izlep Aral boyı qalalarına kelgen. Florentsiyalı F.B.Pegolotti «Sawda praktikası» degen qollanbasında «Kimde kim Genuya yaki Venetsiyadan bul jerlerge sayaxatqa shıqsa, o`zi menen gezlemeler alıp Urgenichke jetsin, al Urgenishten olardı gu`miske (soum) almastırıp alıp arı qaray Qıtayg`a ketsin» - dep jazadı. Ol basqa bir jerde «Aziyanın` tu`pkirine barıw sha`rt emes, sebebi U`rgenishte Evropa bazarların qızıqtıratug`ın barlıq tovarlardı tabıw mu`mkin» - deydi. Saray Batu, Saray Berke ha`m Urgenish qalaları u`stinen Batıs Evropadan Qırım arqalı Qıtayg`a baratug`ın tranzit sawda jolı o`tti. Na`tiyjede Aral boyı qalaları arqalı qaytadan keyinge Qıtayda tayarlang`an joqarı sortlı selodan ıdıslarının` u`lgileri Novgorod, Moskva qalalarına aparıldı.

Jipek jolı ta`sirinde «go`ne U`rgenish» u`lgisinde tayarlang`an sırlı kashin, sırsız, jıltıratpa sayqal berilgen gulal ıdısları, arxitekturalıq bezew, temirshilik o`nimleri, er turman, oq jay (sadaq) ko`shpeliler ta`sirinde bolg`an Volga boyları, Arqa Kavkaz, Qrım, Egipetke deyin XIII-XIV-a`a`. shıg`arıldı (Abdezaxr, an Nuveyri). «Urgenish o`nimi» dep atalg`an kashin keramikası o`nimi – tostag`anlar mo`ldir tınıq sırg`a boyaldı. Onın` astıng`ı ta`repi polixromiyalıq ha`m rel`efli nag`ıslar u`yrek su`wreti menen tolıqtırılıp bezeldi. Bul o`nim u`lgileri Volga boyı qalaları (Astraxan, Saray, Bilyar), Arqa Kavkaz (Madjar), Don boyı estelikleri (Belorechensk), Qrım (Azov, Azak), Gretsiya (Fessalonika) esteliklerinde tabılg`an.

Aral boyı qalalarınan Batıs Evropag`a «organinum» (U`rgenish.), «sarusmisna» (Xorezm.) jipek baylam-topları Genuya, Flrentsiyag`a sawdag`a shıg`arılg`an (Qrım notarial aktleri).

Bul unamlı qubılıslar XIII-XIV-a`sirlerde qayta tiklengen Ullı Jipek jolındag`ı sawda, ma`deniy qatnaslar sebepli bolg`an. Altın Orda xanları Aral boylarındag`ı burınnan rawajlang`an ekonomikalıq ha`m ma`deniy turmıstı toqtata almadı. Aral boyı xalıqlarının` materiallıq ma`deniyatı a`sirler boyı qa`liplesken Oraylıq Aziya ha`m Xorezm oazisi xalıqlarının` ma`deniy traditsiyalarına muwapıq rawajlandı.

**Aral boyı qalalarının` ma`deniy baylanısları**

Ullı Jipek jolı Maverannaxr sha`ha`rleri sıyaqlı, Aral boyı, Xorezm qalaları tariyxında ha`m u`lken a`hmiyetke iye bolg`an. Biraq Jipek jolının` jergilikli qalalar, kerisinshe qon`sı elatlar ma`deniyatına ta`siri izertlewshiler dıqqatınan shette qalıp keldi. Solay eken u`lkemiz qalalarının` Jipek jolı ma`deniy dialoglar tariyxına ta`sirinin` elede izertlenbegen ma`seleleri ko`p. Atap aytqanda sawda jolı tariyxında ha`r bir Xorezm qalası o`z ornı ha`m a`hmiyetine iye bolg`an. A`lbette Jipek jolı Aral boyının` barlıq qalaları u`stinen o`tpegen. Tek g`ana geografiyalıq jaylasıwı qolaylı, rawajlang`an o`nermentshilik, sawda orayları g`ana bul jol menen tutasqan. Biz bul jerde jergilikli orta a`sir qalaları turmısında Jipek jolının` ma`deniy baylanıslardag`ı a`hmiyetin ko`rsetiwge ha`reket etemiz.

Haqıyqatında Jipek jolı tek g`ana Shıg`ıs penen batıs ortasındag`ı sawda-ekonomikalıq baylanıslar quralı emes, a`yne waqıtta Evropanı ruwxiy oyatqan o`mir baxıy jol boldı. Orta Aziyada tiykarınan, Samarqand, Buxara, Xiywa, Fergana, Kesh, Termez sıyaqlı qalalarda aylap, jıllap jasag`an shet ellik sawdagerler o`z jurtlarına bul jerden ko`p g`ana qadriyatlardı, ullı u`rp-a`detlerdi u`yrenip qaytqan.

Diyxanshılıq ha`m jasalma suwg`arıw sistemasının` rawajlanıwı, urbanizatsiyalıq protsessler Aral boyı elatlarnın` ilim ha`m ruwxıy ma`deniyatının` rawajlanıwına u`lken ta`sir etti. Bul jerde qa`liplesken anıq bilimler, diniy-filosofiyalıq ta`liymatlar rawajlanıwı awıl xojalıg`ı, o`nermentshilik, sawda, qurılıs isleri, qalalar ma`deniyatı menen tıg`ız baylanıslı. Xorezmshaxlar saraylarında qa`dimnen ilimnin` tu`rli tarawları boyınsha shug`ıllang`an alımlar ha`m pazıl kisiler jasag`an. Olar matematika, geometriya, astronomiya, meditsina, geografiya, irrigatsiya ha`m diyxanshılıqqa baylanıslı ilimler menen shug`ıllang`an. Olardan Muxammed Musa Xorazmiy, Abu Abdallax Xorezmiy, Abu Rayxan Beruni sıyaqlı orta a`sir alımları boldı. Xorezmshaxlar Mamuniylar waqtında bul jerde “Dorul-hikma” (“Majlisi ulama”, 1004-j. baslap) dep atalg`an ilimiy birikpe jumıs isledi. Usı

Mamun akademiyasında jergilikli alımlar menen qatar medik, filosofiya, ximiya ilimleri menen shug`ıllang`an İbn Sina (980-1037), Abu Sahl Masihiy (970-1042), al Xujandiy, as Salibiy (961-1038), tariyxtanıwshı ibn Miskaveyx (+1030-j.) ha`m basqalar jumıs islegen. Olardın` ilimiy do`retpeleri du`n`ya ilim pa`ninin` rawajlanıwına ta`sir jasadı. Musa al Xorezmiydin` “Aljabr val muqobala”- “Algebra” sı, Abu Rayxan Beruniydin` “Kartografiya”, “Mineralogiyası”, az Zamaxshariydın` (1075-1144) arab grammatikasına arnalg`an “Muqqaddimatul adab” ha`m t.b. Shıg`ıs ha`m Batıs iliminde joqarı bahalang`an, orta a`sir universitetlerinde oqıtılg`an. Gurganj akademiyasının` basshısı Abu Rayxan Beruniy (973-1048) jer ju`zi sharg`a usaytug`ın ekenin ha`m ertedegi globustı tayarlag`an, ay menen onın` arasındag`ı aralıqtı anıq o`lshegen, Jerdin` arg`ı ta`repinde qurg`aqlıq (yag`nıy Amerika) barlıg`ın ilimiy tiykarlap berdi. Usı ilimiy orayda «Tib nızamları» menen Eropanı u`sh-to`rt a`sir hayran qaldırg`an Abu Ali İbn Sino (980-1037), tariyxshı İbn Miskoveix, filosof, medik, shayır Abu Xair ibn Ha`m mar (942-1018) ha`m basqalar ko`plep ilimiy a`meliy mashqalalardı sheship, ja`ha`n pa`ni rawajına ta`kirarlanbas u`les qosqan.

Alımlardın` ilimiy shıg`armalarının` taralıwına Ullı Jipek jolı boyındag`ı ha`rekettin` u`lken ta`siri boldı. Bul ilimiy orayda «Tib nızamları» menen Eropanı u`sh-to`rt a`sir hayran qaldırg`an Abu Ali İbn Sino (980-1037), tariyxshı İbn Miskoveix, matematik Abu Nasr ibn Ha`m mor ha`m basqalar ko`plep ilimiy a`meliy mashqalalardı sheship, ja`ha`n pa`ni rawajına ta`kirarlanbas u`les qosqan.

Bul ma`deniy tarawdag`ı jetiskenlikler Evrotsentrizm - Evropa-orayshılıq wa`killeri (batıstag`ı): «Shıg`ıs ha`m Batıs sin`ise almaydı, ha`mme ilimler batısta payda bolg`an, shıg`ıstag`ılar shın ma`nisinde ilimiy oylanıwg`a qa`dir emes» sıyaqlı tu`sinigin qa`te ekenin ko`rsetedi. Biraq Evropanın` progressiv ko`z-karastag`ı ziyalıları tariyxqa qalıs mu`na`sibette bolg`an. Olardan G. Gerder, V. Gyote, A. S. Pushkin, A. Mets,  E.Bertel`s, N. Chernishevskiy, A. Krachkovskiy, N. İ. Konrad ha`m t.b. ja`ha`n ma`deniyatı rawajlanıwına Shıg`ıstın`, tiykarınan «Jipek jolı» boyı ellerinin` ornı joqarı bolg`anı haqkında ilimiy tiykarlang`an pikirlerdi bildirgen.

O`zbek alımlarınan M.M.Xayrullaev, A.Xayitmetov İslam Renessansı Batıs ha`m Oraylıq Evropadag`ı ma`mleketler ma`deniyatınan altı-jeti a`sir burın Shıg`ısta, negizinen Oraylıq Aziyada ju`z bergenligin da`liyllegen (UzSE, 1978; Buyuk simolar, 1995). Bul ma`deniy qubılıstı Edenburg (Shotlandiya) universitetinin` professorı Uolt Montgomeri Uoot ha`m a`dil bayan etedi. «Shıg`ıs-Batıs Evropa menen tek g`ana o`zinin` materiallıq ma`deniyatı g`ana emes ha`m texnikalıq oylap tabıwlarda da erisken jen`islerin birge bo`listi, ol tek g`ana Evropada ilim, pa`n ha`m

filosofiya rawajlanıwına ilha`m berdi, ba`lkim Evropanın` o`zine-o`zi haqqında jan`asha oylar jaratıwg`a da alıp keldi» dep joqarı bahaladı.

Shınındada Ullı Jipek jolındag`ı Aral boyı qalalarının` ilimpaz, ulamaları, tariyxshıları orta a`sirde du`n`yag`a ken`nen ma`lim boldı. Olardan Xiywa qalasınan shıqqan belgili ilim ha`m ma`deniyat g`ayratkerleri Nadjim addin Kubra (1145-1221), Shixab addin Xivaki, Abılg`azıxan (1603-1664), Munis (1778-1829), Agahi (1809-1874) ha`m tag`ı basqalar Orta Aziya xalıqlarının` ilimiy ma`deniyat tarawındag`ı islerine u`les qostı.

Aral boyı qalalarının` basqa elatlar menen baylanısın, olarg`a Ullı Jipek jolının` integratsiyalıq ta`sirin Temuriyler da`wirinde de baqlawımız mu`mkin. Saqıpqıran Amir Temur (1336-1405) ha`m Temuriyler (XIV-a`sirdin` ekinshi yarımınan XVI a`sir baslarına deyin) Jipek jolın dag`ı ruwxıy ekonomikalıq baylanıslardı jan`a basqıshqa ko`terdi. Amir Temur ka`rwan jolların jaqsılaw, olardı tu`rli talan-tarajlardan qorg`ap, ilim ha`m talapker xalqına qolay imkaniyatlar tuwdırıwg`a u`lken itibar berdi. Maverennaxrdın` o`zi qa`nige ha`m alımlarg`a bas bolsa da Saqıpqıran o`nermentshilik, ma`deniyat ha`m ilim-pa`n wa`killerin Samarkandqa ko`birek mira`t etti. Ka`sip o`ner ha`m ilim xalqınan bolsa, ondaylarg`a saltanat ka`rxanalarınan jumıs berilsin (Temur tuzuklari, 1991) degen pa`rman shıg`ardı. Bul jag`daydan el gezer ustalar, alımlar, shayırlar, oyshıllar paydalanıp keldi, jan`a shıg`armalar, oy pikirlerdi rawajlandırdı. Na`tiyjede, mongollar ju`risleri waqtında toqtap qalg`an Renessans da`wirindegi ma`deniy o`siwshilik qayta janlandı ha`m ma`deniyat ilim-pa`n rawajının` uzaq a`sirlerge azıq bergen qatlamları, jan`a wa`killeri du`n`yag`a keldi. Amir Temurdın` Shıg`ıs Renessansındag`ı ullı ornı a`weli onın` arxitekturalıq ha`m ko`rkem o`nerin rawajlandırıwg`a basshılıg`ı menen belgilenedi. Amir Temur xa`m Temuriyler zamanında Aral boyı qalaları qaytadan janlandı.

Amir Temurdın` oraylasqan ma`mleketine qosılg`an Xorezm qalaları bir qansha tınıshlıq jag`dayına o`tti. O`z ara feodallıq urıslardan qutıldı. Tariyxıy dereklerde Amir Temur ha`m Temuriyler da`wirinde Aral boylarında Xazarasp, Xiywa, Qat-Qyat, U`rgenish, Adak, Da`wkesken-Vazir, Boldumsaz, Kumkend (Shemaxa kala) ha`m tag`ıda basqa qalaları eske tu`siriledi. 1391-jıl Amir Temur Deshti- Qıpshaq dalalarınan qaytıp kiyatırıp o`z a`mirlerinin` biri Musaka Kavchung`a Urgenishti qaytadan tiklewge buyrıq berdi (Yazdi, 1994). Bul qurılıslar ornı ha`zir Tash qala atı menen belgili (Fedorov-Davıdov, 1958). Qalada u`lken magistral ko`she ha`m onnan ajıralıp, tarap ketken ko`sheler boylap sawda ha`m o`nermentshilik ustaxanaları, monsha, chayxana, ushırasıw orınları jaylasqan. U`rgenish keyingi da`wirlerde de o`z

a`hmiyetin jog`altpag`an. Bul orında 1558-jıl Angliyalı sawdager Moskva-London sawda u`yinin` agenti Antonio Djenkinson bolg`an ha`m o`z gezlemelerin satqan. Ol uzın sawda ko`shesinin` jaylasqanın, onda u`sti jabıq bazar (tim, chorsu) barlılıg`ın eske tu`siredi. Bunday qurılıslar Orta Aziyanın` orta a`sir qalaların da ko`p bolg`an. Jazba derekler mag`lıwmatın arxeologiyalıq izertlewler juwmaqları tastıyıqlaydı. Qalalarda u`y-jay, o`nermentshilik kvartalları, sawda orınları ha`m tag`ı basqada qurılıslar bolg`an. Bul jerde qaytaldan ma`deniy rawajlanıw baslanadı. Tash qalanın` joqarg`ı qatlamlarınan XV-XVI a`sirlerine tiyisli Buxarada shıg`arılg`an ten`geler ushırasadı. Bul U`rgenish qalasının` Buxara menen sawda qatnasların alıp barg`anın ko`rsetedi. Temuriy Mırza Ulug`bek zamanında Buxara Orta Aziyadag`ı jetekshi ten`ge shıg`arıw oraylarının` birine aynaldı. Sol zamanda Xorezmge Temuriylar ten`geleri ko`p kelgen. Bul haqqında professor M.M.Mambetullaev ta`repinen Xiywa qalasında tabılg`an ten`geler g`a`ziynesi isenimli mag`lıwmat beredi. Xiywa g`aziynesi ten`geleri: Samarkand, Azerbayjan, Ardebil, Astrabad, Bagdad, Baku, Bamian, Gerat, Derbend, Yazd, İsfaxan, Kashan, Kazvin, Kerman, Kumm, Savax, Sultaniya, Shabankara, Shemaxa, Xarran, Gisarda shıg`arılg`an ha`m sawda arqalı Xorezm qalası Xiywag`a kelip qalg`an (Mambetullaev, Xojaniyazov, 2004). U`stirt shetinde jaylasqan Da`wkesken Vazir esteliginde de Temuriyler zamanının` 200 aslam ten`geleri tabılg`an. Mayda mıs ten`gelerde qus ha`m haywanlardın` su`wreti bar. Bunday ten`geler temuriylerge tiyisli bolıp olar Buxara, Balx, Samarqand qalalarında shıg`arılg`an ha`m sawda jolı menen tarqalg`an (Xojaniyazov, Ha`kimniyazov, 1993).

Amir Temur tariyxshısı İbn Arabshax o`zinin` «Temur tariyxıy» kitabında U`stirt arqalı Qrımg`a deyin sawda jolı Temuriyler da`wirinde bolg`anlıg`ın jazıp qaldırg`an edi (İbn Arabshax, 1992). Bunday ka`rwan jolı Xorezm-Buxara arasında da Temuriyler zamanında paydalanılg`an. Usı joldag`ı orınlardın` biri Se-peya (U`sh oshaq). Temur tariyxshılarının` biri Nizamaddin Shami «Zafarnama» («Temur zafarnaması») kitabında Amir Temurdın` Xorezmge birinshi (1372-j), u`shinshi (1378-j) ju`risleri haqqında jazıp Maverannaxrdan (Buxara) Kyatqa (Beruni) deyingi jaylardın` birin Se payya dep ataydı (Yazdi, 1994). İbn Arabshax, Sharafuddin Ali Yazdi ha`m 1438-jıl Xorezmge (Urgenishke) kelip sawda jasag`an Shıraz qalası (İran) sawdageri Muxammed Xoja derekleri bizin` pikirlerimizdi tag`ıda tolıqtıradı.

Solay etip, biz Amir Temur ha`m Temuriyler zamanında ha`m Aral boyı, Xorezmnen Batısqa (U`stirt arqalı), Shıg`ısqa (Maverannaxr arqalı) ketetug`ın sawda jolları ha`m olardın` boyındag`ı qalalar ma`deniyatının` rawajlanıwda bolg`anın ko`remiz.

# JUWMAQLAW

Ullı Jipek jolı Batıs-Shıg`ıs arasında ma`deniy qatnaslardın` rawajlanıwına u`lken ta`sir jasadı. Eki mın` jıldan aslam belgili bolg`an bul sawda ha`m dialoglar jolı Orta Aziya xalıqları tariyxındag`ı o`tmish waqıyaları a`sirese ma`deniy almasıw protsesslerinde, ulıwma tsivilizatsiya tariyxında ju`da` a`hmiyetli boldı. Jipek jolı diplomatiya tariyxında da tsivilizatsiya ushın xızmet etti. Ullı Jipek jolı arqalı sayaxatshılar, elshiler ha`rekette boldı. Zemarxtın` Vizantiyag`a, Tyurk kaganlıg`ı arasındag`ı diplomatiyalıq qatnası ma`lim. Ullı Jipek jolı Orta Aziya xalıqları tsivilizatsiyası tariyxında sawda, ma`deniy qatnaslardın` rawajlanıwında u`lken iz qaldırdı. Bunda Grek-Baktriya ma`mleketi, Kıtay, İran, Sog`da, Baktriya, Xorezm usag`an ellerdin` xızmeti u`lken edi. E.b. III-a`sirden Orta Aziya Qıtay baylanısları rawajlanıp bardı. E.b. 138-jıl Chjan Tszyan` Orta Aziya sayaxatı ma`lim. Son` sawda qatnasları baslandı.

VI-a`sirdin` ekinshi yarımınan baslap Tyurk kag`anatı Jipek jolının` Orta Aziya bo`leginde o`z u`stemligin ornatqan. Bul Xorezmnen Arqa Qara ten`iz boylarına baratug`ın baylanıslı bag`dar boldı. Son`ınan bul jollarda arablar, keyin samanidler, qaraxanidler ha`m seljuklar ha`reket etti, payda taptı. XIII-a`sirde bul joldın` Evraziya bo`leginde mongollardın` ma`mleketi Altın Orda ha`m t.b baqladı, baj pulların jıynag`an. Na`tiyjede VI-a`. Tyurk qag`anlıg`ı waqtınan-aq Maverannaxr, Xorezm arqalı elshiler, sawdagerler ha`reket etti. Atap aytqanda elshi Zemarx (VI-a`.), İbn Fadlan (X-a`.), Marko Polo (XIII-a`.), İbn Batutalar (XIV-a`.) mag`lıwmatı bunın isenimli gu`wası esaplanadı.

Jipek jolının` qa`liplesiwi adamzat ja`miyeti tariyxındag`ı u`lken qubılıslardın` biri. Ullı Jipek jolı mınlag`an jıllar dawamında Batıs penen Shıg`ıstı tutastırdı, ma`deniy qatnaslardı bekkemledi. Biraq sog`an qaramay 1877-jılı g`ana bul joldın` a`hmiyetin nemets ilimpazı K. Rixtgofen «Jipek jolı» atı menen ilimge engizdi. Orta Aziyada Jipek jolı sawdasında qa`dimgi sog`dalılar, xorezmliler, parfyanlar, kushanlar, tyurkler, uygurlar, u`lken orın tutqan. Jipek jolının` ku`shli rawajlanıwı orta a`sirler da`wirine tuwra keledi. Orta Aziya aymag`ındag`ı Maverannaxr qalalarının` sawda qatnasları menen ko`plegen adamlar shug`ıllang`an (M.E.Masson, Yu.F.Buryakov, E.V.Rtveladze, G.A.Agzamova). Biraq Aral boyı, Xorezm qalalarının` Jipek jolı menen baylanısın S.P.Tolstov du`zgen Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası xızmetkerleri azlı kemli aytıp o`tedi. Xorezmnin` Ullı Jipek jolındag`ı sawda qatnasları jo`nin`de izertlewler ele de az. Xorezm elatının` jipek jolı ta`sirindegi tariyxıy, tsivilizatsiyalıq rawajlanıwın arxeologiyalıq esteliklerdegi izertlewlerde tastıyıqlaydı. Qa`dimgi Xorezmde arxeologiyalıq izertlew ekinshi

du`n`ya urıs jıllarınan keyin ken` en jaydı. Bul waqıt ishinde ju`zlegen qalalar, mazarlar, qonıslar, arxitekturalıq qurılıslar izertlengen. Jıynalg`an ha`m u`yrenip shıg`ılg`an materiallar A`miwda`r`yanın` to`mengi jag`alawının` eski tariyxının` ko`pshilik mashqalaların, atap aytqanda olardın` xronologiyasın, ma`mlekettin` ja`miyetlik du`zimin, xojalıg`ın, ma`deniyatın ha`m basqa oblastlar menen Jipek Jolı arqalı ju`rgizilgen sawda, tsivilizatsiyalıq baylanısın izertlew sıyaqlı mashqalalardı sheship beredi. A`sirese jerlesimiz al Xorazmiydin` «al jabra», Beruniydin` mineralogiya, astronomiyalıq izertlewleri jipek jolı-dialog jolı arqalı arab elleri, batıs jurtlarına ma`lim bolg`an.

VI-XIV - a`sirlerde Maverannaxrdag`ıday Xorezmde de feodallıq qatnaslardın` rawajlang`an da`wiri. Suwg`arma diyxanshılıqqa negizlengen o`ndiris usılları baylıq toplawg`a, qalalardın` ka`liplesiwi, o`nermentshiliktin` ha`m sawdanın` rawajlanıwına mu`mkinshilik berdi. O`nimdarlı A`miwda`r`ya boylarındag`ı ma`deniy ken`lik alıs jurtlardan kelgen adamlardın` dıqqatın awdardı. Da`slep urıs, qılısh penen kelsede ko`plegen basqınshılar bul u`lkenin` baylıg`ın sawda arqalı g`ana iyelew mu`mkinshiligin tu`singen.

Xorezmnin` qalaları A`miwda`r`yanın` On` xa`m Sol jag`alawlarında jaylasqan. Qa`dim zamanlarda rawajlang`an On` jag`adag`ı Qat-Kyat, Qabat qala, Jampıq qala elatlarında mongollar da`wirine shekem sawda jolı o`tken. Bul jol Buxaradan Qızılqum arqalı, da`r`yanı jag`alay Qyat, Qabat qala, Jampıq qala ha`m On` jag`adag`ı Kerder wa`layatı menen tutasqan. Ba`lkim da`r`ya o`tkeli arqalı Mizdaxkan, Go`ne-U`rgenishke o`tken bolıwı da mu`mkin.

Ekinshi a`hmiyetli tarmaq Xorezm jerlerin Batıs ha`m Shıg`ıs elleri menen tutastırdı. Evropalı sawdagerler U`stirt arqalı Puljay, Shemaxa qala, U`rgenish, Xazarasp, Darg`an u`stinen Charjawg`a ketken. Bul jol orta a`sirlerde ku`shli ha`rekette bolg`an. U`shinshi bag`dar trans Qaraqum jolı boldı.

Jipek jolı boylarındag`ı qalalardın` rawajlanıwı joqarı boldı. Qala o`nermentshilerinin` tovarları alıs jurtlarg`a alıp ketilgen, sırttan zatlar a`kelingen. Bul sawdada da`n o`nimleri, sharwashılıq zatları, qarıw-jaraq, gezleme, keramika o`nimleri, zergershilik buyımları, texnikalıq shiyka zat, da`ri-darmaq, ha`tteki qul sawdası rawajlang`an.

Solay etip, Aral boyı, Xorezm alabı orta a`sirlerde Jipek jolı boyında jaylasqan elat bolıp onın` U`rgenish, Shemaxa qala, Mizdaxkan, Puljay, Kyat, Jampıq qala usag`an iri qalaları Shıg`ıs ha`m Batıs sawda qatnaslarında a`hmiyetli orın tutqan. Ullı Jipek jolı Xorezm qalalarının` ma`deniy rawajlanıwına u`lken ta`sir jasadı. Usı jol ta`sirinde al Beruni, İbn Sino, al Xorezmiy ha`m t.b ullı jerleslerimizdi du`n`ya

tanıdı. Jipek jolı mudamı ha`rekette bolmadı. Urıslar, feodallıq nizalar, ullı geografiyalıq ashılıwlar, suw jolının` a`hmiyetinin` o`siwi, qurg`aqtag`ı jollardın` toqtap qalıwına alıp keldi. Bunı biz Jipek jolı boyında jaylasqan Xorezm qalaları mısalında anıq ko`remiz. Burıng`ı U`stirt tegisligin jag`alay jaylasqan Shemaxa qala, Pul`jay, Bograxan, Topıraq qala-Qon`ıratlı ha`m tag`ıda basqa sawda, o`nermentshilik orayları XV-a`sirden son` so`ne basladı. Bunın` baslı sebeplerinin` biri Xorezmnen o`tetug`ın Ullı Jipek jolı arqa tarmag`ı ayırım elat basshılarının` geostrategik siyasatqa ta`sir jasawı ha`m suw jolının` tu`slikten ashılıwı boldı.

Ha`zirgi da`wirde Aral apatshılıg`ı suw tam-tarıslıg`ı, jerdin` sorlanıwı, qumlıqtın` egislik maydanlarına topılısı, jıljıwı Xorezm oazisi xalıqlarının` jer, suw da`stu`rlerin u`yreniw menen qatar Jipek jolındag`ı eski qalalar tariyxın izertlewgede inta payda etedi. Sebebi keshki feodalizm da`wiri qalaları ekologiyalıq qubılıslar, adamnın` ta`biyat islerine orınsız aralasıwı, ko`p egis maydanlarının` o`zlestiriliwi na`tiyjesinde ata babalar miyrası qalalar ıdrap joq bolmaqta. Bul ha`tteki oraylıq rayonlarda jaylasqan Xiywa, Xazarasp, Qat-Qyat, U`rgenish, Mizdaxkan, Qabat qala, Qon`ırat qalalarına da tiyisli. Olardın` da ishki ko`rinisleri ha`zirgi zaman adamlarının` orınsız «iskerligi» sebepli joq bolıp baratır. Bul qalalar tariyxın jan`a ko`z qarastan u`yreniwdin` a`hmiyetin arttırmaqta. Usı ko`z qarastan Jipek jolı boyı qalaları tariyxın jan`a ko`z qarastan izertlew tariyx iliminin` a`hmiyetli ma`selelerinin` biri.

# PAYDALANG`AN A`DEBİYaTLAR

## O`zbekistan Prezidenti İ. A. Karimov shıg`armaları


1 *Каримов И.А.* На пути духовного возрождения. Ташкент, 1998.-287-бет.

2 *Каримов И.А.* Без прошлого нет будущего, без сотрудничества нет прогресса // Выступление на заключительном заседении 155 сессии исрольнительного Совета ЮНЕСКО. Собр.соч..- Ташкент.: Узбекистан, 1998. Т. 4.

3 *Karimov İ.A.* YuNESKO İjroiya Kengashi sessiyasining 155-yakunlovchi majlisida so'zlagan nutq// «Xalq so'zi» gazeta. 1998 yil, 7 noyabr.

4 *Указ Президента Республика Узбекистан И.А.Каримова И.А.* «О мерах по активизации участия Республики Узбекистан в возрождении Великого Шелкового пути и развитии международного туризма в республике» от 31 мая 1995 г.


## Jazba derekler. İlimiy a`debiyatlar


1 *Алимова Дилорам.* Роль Ташкента в истории Великого шелкового пути // Правда Востока /www. Jahonnews. uz

2 *Акимниязова Г.А.* Хорезм и Термез в системе торгово-экономических связей Центральной Азии // «Вопросы археологии, этнографии и истории Южного Приаралья»/ Материалы Международной научно-теоретической конференции. Нукус, «Каракалпакстан», 2011.

3 *Akimnizova G.A.* G`arb manbalarida Xorazm va Buyuk İpak ywli tarixi (XIII-XV asr) // G`a`rezsizlik jılları tariyx iliminin` rawajlanıwı// Respublikalıq ilimiy-teoriyalıq konferentsiya materialları.-Nokis. 2013.

4 *Археология и история* Центральной Азии. Самарканд, 2004.

5 *Байпаков К.М.* Средневековые города Казахстана на Великом Шелковом пути. -Алматы, 1998.

6 *Буряков Ю.Ф.* Историческая топография древних городов Ташкентского оазиса. Ташкент, 1975.

7 *Буряков Ю.Ф.* Генезис и этапы развития городской культуры Ташкентского оазиса. Ташкент, 1982.

8 *Buyuk İpak yo'lidagi* Markaziy Osiyo shaharlari. (Prof. Yu.F.Buryakov tavalludining 60 yilligiga bag`ishlangan ilmiy anjumani ma`ruzalari) - Samarqand, 1994 y. 30 mart.

9 *Buyuk siymolar, allomalar.* 1-kitob. Toshkent. 1995.

10 *Вактурская Н.Н.* О раскопках 1948 г. на средневековом городище Шемаха кала // Труды ХАЭЭ. Том.I. –М.,1952.

11 *Вактурская Н.Н.* Раскопки городище Ургенч в 1952 г.// Труды ХАЭЭ. Том.II. –М.,1958.

12 *Вактурская Н.Н.* К вопросу о культурных связях средневекового

Хорезма с Китаем// Материалы второго совещания археологов и этнографов Средней Азии. –М.:-Л.,1959.
13 *Вайнберг Б.И.* Водный путь по Амударье и культовые центры вблизи него//Проблемы истории, филологии, культуры/JournaI of historicaI and cuIturaI Studies. Вып. XV. –Москва-Магнитагорск, 2005.
14 *Вишневская О.А.*Раскопки караван-сараев Ак Яйла и ТАлайхан ата// Труды ХЪАЭЭ. Том II.-М.,1958.
15 *Восточный Туркестан* в древности и раннем средневековье: Очерки истории. М.,1988.
16 *Всемирная история*. М.,1956.
17 *Города и караван* сараи на трассах Великого Шелкового пути. Ургенч, 1991.
18 *Грицина А.А.* Древний Хавас на перекрестке дорог// Археология ва тарих фанининг долзарб муаммолари. Республика илмий-назарий анжуман материаллари. 1-қисм. Самарканд, 2005.
19 *«Дорога Страбона»* как часть Великого Шелкового пути.// Материалы международной конференции.-Самарканд-Ташкент., 2009.
20 *Dospanov O.T.* Djampıq qala-orta a`sir esteligi.–No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1992.
21 *Заходер Б.Н.* Ширазский купец в Поволжье в 1438 г.//Каспийский свод сведений о Восточной Европе. Том. 2.-М., 1966.
22 *İbn Arabshax*. Temur tariyxı. 1-2- jild. Toshkent, 1992.
23 *İbrahimov N.* İbn Battuta va uning O'rta Osiyoga sayohati. -Toshkent, 1993.
24 *Иерусалимская А.А.* О северокавказском «Шелковом пути» в раннем средневековье // СА. -М.,1977. № 2.
25 *Итина М.А.* Археологические памятники на древних торговых путях вдоль берегов Амударьи// Древности Южного Хорезма/ Труды ХАЭЭ. Т.16.-М: Наука,1991.
26 *Кдырниязов М.-Ш.* Камнерезное ремесло в средневековом Хорезме // Археология Приаралья (АП). Вып. III. -Ташкент, 1986.
27 *Kdırniyazov M-Sh.* Xorezmnin` orta a`sir arxeologiyası boyınsha jazba derekler xa`m izertlewler». –No`kis: «Qaraqalpaqstan», 1995.
28 *Кдырниязов М.-Ш.* Об аграрном характере производительной деятельности населения Миздахкана // ОНУ. 1999. № 4-5.
29 *Кдырниязов М.-Ш.* О роли Хорезма в Евразийской торговле (XIII-XV вв.) // ОНУ. –Т.,2000. № 1.
30 *Кдырниязов М.-Ш.* Миздахкан- памятник золотоордынской эпохи// Труды ГИМ. Вып.135. Москва, 2002.
31 *Кдырниязов М.*-Ш. Люстровый кувшин из Миздахкана // Записки восточного отделения Российского археологического общества (ЗВОРАО). Новая серия. Том II (XXII). -Санкт-Петербург, 2006.

32 *Кдырниязов М.-Ш, Искендерова А.Ж, Турганов Б.* Археологические работы на городище Пульжай // Археологические исследования в Узбекистане - 2004-2005. Вып.5. Ташкент «ФАН».
33 *Кдырниязов М.-Ш.* Пульжай (Пулжай) – северный форпост Хорезма // «Арало-Каспийский регион в истории и культуре Евразии» / Материалы II Международной научной конференции, посвященной 20-летию независимости Республики Казахстан (г.Актобе,14-18 сентября 2011 г.). -Алматы-Актобе, 2011.
34 *Кдырниязов О.-Ш, Акимниязова Г.* Связи Хорезма с округами Термеза // «Ўзбекистон тарихининг долзарб муоммалари ёш тадқиқотчилар талқинида»/ Ўз ФА Археология институтида 2010 йил 6-7 апрелда ўтказилган ёш олимлар Республика конференцияси материаллари. -Самарканд-2012.
35 *Кдырниязов М.-Ш, Саипов С, Амиров Ш, Кдырниязов О.-Ш.* Археологические раскопки на городище Пульжай в 2012 г. // АИУ-2012 г. Самарканд, 2013.
36 *Qdırniyazov M.-Sh, Qdırniyazov O.-Sh.* Antik da`wir Xorezm tsivilizatsiyası tariyxı. –Nokis, 2014.
37 *Кобзева О.П.* Великий Шелковый путь и мировая цивилизация. Ташкент, 2002.
38 *Лившиц В.А.* Надписи и документы Калалы-гыр 2. Культовый центр в Древнем Хорезме. -М.,2001.
39 *Лившиц В.А.* Документы Топрак-кала. Дворец. –М.,1984.
40 *Лоховиц В.А.* Караван-сараи Верхнего Хорезма // Этнография и археология Средней Азии.-М: Наука,1979.
41 *Материалы по* истории Средней и Центральной Азии X-XIX вв. – Ташкент, 1988. С.126-127.
42 *Мамбетуллаев М.М.* Византийская индикация из Куюк кала // Нумизматика Центральной Азии. Т.,1999. Вып.4.
43 *Мамбетуллаев М.М, Хожаниязов Г.Х.* Хивинский клад // Вестник ККОАН РУз. 2004.№ 1-2.
44 *Манылов Ю.П, Кдырниязов М.-Ш.* Городище Джампык кала // АП. Вып.II. -Ташкент, 1984.
45 *Манылов Ю.П.* Средневековые памятники юго-восточного Устюрта / Древняя и средневековая культура юго-восточного Устюрта. – Ташкент, 1978.
46 Манылов Ю.П. Караван сараи центрального Устюрта // АП. Вып.I. Ташкент, 1982.
47 *Массон М.Е.* Средневековые торговые пути из Мерва в Хорезм и Мавераннахр // Труды ЮТАКЭ. Том XIII. –Ашхабад, 1966.
48 *Путешествие ибн Фадлана на Волгу.* Харков, 1956.
49 *Рапопорт Ю.А.* Раскопки городища Шах-Санем // Труды ХАЭЭ. Том.II. –М.,1952.

50 *Ртвеладзе Э.В.* Великий Шелковый путь. -Ташкент, 1999.
51 *Temur tuzuklari*. -Toshkent. 1991.
52 Толстов С. П. Древний Хорезм. –М., 1948.
53 Толстов С. П. По следам древнехорезмийской циилизации. –М., 1948.
54 *Толстов С.П.* Работы Хорезмской археолого-этнографической экспедиции АН СССР в 1949-1953 гг. // Труды ХАЭЭ. Том II.- М., 1958.
55 *УзСЭ*. 11-китап. Тошкент. 1978.
56 *Федоров-Давыдов Г.А.* Раскопки квартала ХУ-ХУ11 вв. на городище Таш кала // Труды ХАЭЭ. Том II. –М.,1958.
57 *Хожаниязов Г, Кдырниязов М.-Ш, Доспанов О.* Раскопки жилого квартала XII-XIV вв. в западной части Джампык калы // АП. Вып.IV. –Ташкент, 1990.
58 *Хожаниязов Г, Хакимниязов Ж.* Городище Даукескен-Вазир. -Нукус, 1993.
59 *Хожаниязов Г.Х.* О культурных связях средневековой Средней Азии с Китаем (по материалам Южного Приаралья) // Вопросы археологии, этнографии и истории Южного Приаралья / Материалы Международной научно-теоретической конференции. -Нукус «Каракалпакстан», 2011. С.35-36.
60 *Членова Н.Л.* Предыстория «Торгового пути Геродота» (из Северного Причерноморья на Южный Урал) // Советская археология. № 1. 1983.
61 *Шарафуддин Али Йазди*. «Зафарнома».- Тошкент, 1992.
62 *Ягодин В.Н.* Индия и Хорезм в древности. К вопросу историко-культурных связей // Вестник ККО АН РУз. 2000. № 4.
63 *CentraI Asian towns* on the Great SiIk road. Samarkand,1991.
64 *GrunwedeI A. A.* Aitbuddhistische KuItstutten in Chinesish Turkistan . BerIin, 1912.
65 *Le Coq A.* Auf HeIIas Spuren in Ostturkestan: Berihte und Abendeuer der II und III Deutschen Turfan-Exspdition. Leipzig 1926.
66 *PegoIotti* F.B. La praktica deIIa Mercature. Ed. By A. Evans. Cambridge – Massachusetts,1936.
67 *Richthofen F.F.* China. BerIin, 1877-1878. Bd. 1-4.
68 *Le Coq A.* Auf HeIIas Spuren in Ostturkestan: Berihte und Abendeuer der II und III Deutschen Turfan-Exspdition. Leipzig 1926.

## Tu`sindirme so`zlik

| | |
|---|---|
| *Adeptler –* | sha`kirt targ`ibatshılar |
| *Annallar -* | qa`dimgi, orta a`sirde waqıyalardı ta`riyiplewshi qol jazbalar (latın) |
| *Dirxem -* | aqsha, ten`ge (arab.) |
| *Djit/Git -* | Puljay esteligi (ibn Fadlan, al İstaxri) |
| *Djent/Jankent -* | to`mengi Sırda`r`ya boyı qalası |
| *Jorjan -* | İran |
| *Jorjaniya -* | Urgenish, Gurganj arabsha ataması |
| *Jurjen (chjurchjeni) –* | tungus qa`wimlerinen, XII-a`. Tszin` ma`mleketin qurg`an |
| *İbn Fadlan -* | 921-922-jj. Xorezm, U`stirtte bolg`an xalif elshisi |
| *İkonografiya-* | obrazlardı su`wretlew (quday, payg`ambar, mifolog. qaharman t.b.) |
| *Qat-Kas -* | Beruniy qalasının` qa`dimgi atı |
| *Qırım notarial aktleri-* | XIII-XV-a`a`. Qırım qalalarında du`zilgen |
| *Kashin -* | keramika tu`ri |
| *Lyustra -* | İranda shıg`arılg`an keramika tu`ri |
| *Mani -* | xristian dini targ`ibatshısı (propagandalawshı, u`git-na`siyatlawshı) |
| *Manixeilik -* | Mani ta`reptarları |
| *Mann -* | awırlıq o`lshem birligi (arab.) |
| *Minai -* | İran keramikası |
| *Ratil`/ ritl` -* | awırlıq o`lshem birligi (arab.) |
| *Sardoba –* | jer astı suw saqlag`ıshı |
| *Soum, sum -* | gu`mis quyılması (tyurk.) |
| *Tolstov S.P –* | Xorezm tsivilizatsiyasın ashqan ilimpaz |
| *Turfan –* | Shıg`ıs Tu`rkistan qalası |
| *Urbonim –* | qala atamasın u`yreniwshi taraw (latın, grek) |
| *Ferdinant Fon Rixtgofen –* | Ullı Jipek jolın izertlewshi |
| *Xazariya -* | VII-X –a`a`. to`mengi Volga, Kaspiy boyındag`ı ma`mleket |




İshki Aziyanın` sawda jolları bag`darları



Azov, Sarai (Rossiya) esteliklerinde tabılg`an Xorezm keramikası u`lgileri



Nawqan qurtı (kokon) ha`m jipek gezleme u`lgisi




Evraziya Jipek jolları bag`darları




Sawda ka`rwanı




Ka`rwan saray u`lgisi





Jipek jolı ha`reketinin` tasqa oyılg`an baral`ef ha`m gravyuradag`ı ko`rinisi




Xorezm sawda jolının` Maverannaxr (Buxara) bag`darı qala, rabad, ka`rwan sarayları




Tu`slik Aral boyı qalaları ha`m U`stirt sawda jolı bag`darı




Aral boyı qalalarınan sırtqı sawdag`a shıg`arılg`an kashin keramikası u`lgileri




Aral boyı qalalarınan sırtqı sawdag`a shıg`arılg`an u`yrek su`wretli kashin keramikası



Go`ne-U`rgenishten tabılg`an minay ıdısı (İran)



Del`fin su`wretli ju`zik.



Perm` walayatı Anikovo awılında tabılg`an Xorezm la`genindegi ko`rinis



İranda tayarlang`an bronza aynadag`ı bo`rttirme nag`ıs (sfinks, al-borak, senmurvg), jazıwlar



Evraziyag`a Jipek jolı menen taralg`an bronza Qıtay aynası



Shax-Sanem esteliginen tabılg`an İran bronza qazanı




Qıtay seladon ıdısları

## M A Z M U N I


| | | |
|---|---|---|
| | Kirisiw……………………………………………………….… | 3 |
| **I-bap** | **ARAL BOYI QALALARININ` SAWDA BAYLANISI BOYINShA DEREKLER, İZERTLEWLER…………………..** | 7 |
| | Jipek jolının` da`slepki ashılıw ha`m izertlewler tariyxı……………………………………………………….. | 12 |
| **II-bap** | **ULLI JİPEK JOLI HA`M ARAL BOYINDAG`I SAWDA - O`NERMENTShİLİK MA`DENİYaT ORAYLARI………..…** | 19 |
| | Ullı Jipek jolı ha`m Aral boyı sawda-o`nermentshilik qalalarının` qa`liplesiwi……………………………………………………... | 19 |
| | Sawda jolları ha`m kommunikatsiyalıq qurılıslar……………….... | 28 |
| **III-bap** | **ULLI JİPEK JOLININ`, ARAL BOYI QALA URBANİZATsİYaSI TARİYXINDAG`I ORNI……..……….…** | 35 |
| | Ullı jipek jolı ha`m Xorezm qalalarının` ekonomikası……………. | 35 |
| | Aral boyı qalalarının` ma`deniy baylanısları……………………… | 38 |
| | Juwmaqlaw………………………………………………………… | 42 |
| | Paydalang`an a`debiyatlar………………………………………… | 46 |
| | Tu`sindirme so`zler……………………………………………….. | 50 |

***DU`ZİWShİ:***

***Akimniyazova Gulnaz Abdinayimovna*** *- A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı, tariyx kafedrası assistent oqıtwshısı*

# *ULLI JİPEK JOLININ` ARAL BOYI URBANİZATsİYaSINA TA`SİRİ*

***(Oqıw-metodikalıq qollanba)***

*Bas redaktor - K. M. Koshanov*
*Tex. Redaktor - Z. B. Baltabaeva*
*Korrektor - A. Abdikarimova*
*Operator: N. Nısanbaev*

Oqıw-metodikaliq qollanba A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Oqıw-metodikalıq Ken`esinin` qararı (2015-jıl 10-aprel` ku`ngi № 6 bayanlama) menen baspadan shıg`arıwg`a usınıldı.

A`jiniyaz atındag`ı NMPİ Redaktsiya-baspa bo`limi
A`jiniyaz atındag`ı NMPİ baspaxanasında basılg`an 2015-j.
Buyırtpa № 0148. Nusqası 50 dana. Formatı 60x84. Ko`lemi 4,0 b.t.
230105, No`kis qalası, A. Dosnazarov ko`shesi-104. Reestr № 11-3084.